ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№38 (23.196) • 2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 3, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Нобэ

Патрушев Николай хэгъуэгу Iэтащхьэхэм яIуощIэ

Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэмкiэ и советым и секретарь Патрушев Николай гъатхэпэм и 3-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалащхьэ Налшык зэIущIэ щригъэкIуэкIынущ.

Патрушевымрэ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Меликов Сергейрэ КИФБЩ-м и субъектхэм я Iэтащхьэхэр, федеральнэ власты и гъэзэщIакIуэ органхэм я лIыкIуэхэр я гъусэу тепсэлъыхьнущ турист IэнатIэм шынагъуэншагъэр къыщыдзэгъэпэщыным пыщIа Iуэхугъуэхэм.

ЗэIущIэм зи гугъу щащынухэм ящыщщ ерыскъыхэкIхэмкIэ шынагъуэншагъэм ехьэлIа къэрал политикэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгухэм гъэзэщIа зэрыщыхьур.

Сабийхэр сымаджэ щIэхъуар комиссэм зэхигъэкIынущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. дыгъуасэ къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ къызэрагъэпэщащ Шэджэм районым щыщ Нартан къуажэм щыIэ «Псынэ» сабий садым екIуалIэхэр щхьыным сымаджэ щIишIам и щхьэусыгъуэхэр зэхэзыгъэкIыну комиссэ щхьэхуэ, ведомствэ зыбжанэм я лIыкIуэхэр хэту. Къапщтэмэ, комиссэм хагъэхьащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмкiэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм и Iуэхуэмкiэ и министерствэм, Роспотребнадзорым и Управленэу КъБР-м щыIэм, нэгъуэщI министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я Iэщ Iагъэлъэхэр.

ИДЖЫПСТУ дохутырхэм я нэIэм сабий 30 щIэтщ. Ахэр сымаджэщым щIагъэгъуэлъхьэн хуэдэу хьэлъэу щыткъым.

Мы Iуэхум ехьэлIауэ щIэупщIэну хуейкэр псэльэн папщIэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм щагъэуващ 40-15-65, 8-938-693-47-14 телефонхэр.

Сабий садым и унафэщIыр къэпщытэныгъэхэр зэфIэкIыкIу лэжьэну хуит ящынукъым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапл Iэ.

2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Литературэм и илъэсым зэрыщызыхуагъэхьэзырамрэ ар зэрыщрагъэкIуэкIамрэ къырикIуахэм я Iуэхукiэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Литературэм и илъэсым зэрыщызыхуагъэхьэзырамрэ ар зэрыщрагъэкIуэкIамрэ я Iуэхукiэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ М. Л. къыхилъхьа информацэр къэлъытэн.

2. 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Литературэм и илъэсым зэрыщызыхуагъэхьэзырамрэ ар егъэкIуэкIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкiэ и министерствэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэм арэзы укъищIу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм мазаем и 25-м
№440-П-П

Партым и телъхьэхэр зочэнджэщ

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политика партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и гъэззэщIакIуэ комитетым иджыблагъэ щекIуэкIащ партым и телъхьэхэм я щIыналъэ советым и зи чэзу зэIущIэ.

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и XV съездым и лэжьыгъэ зэрекIуэкIам, апхуэдэу Къэрал Думэм и депутатхэм я кандидатхэр къыщыхахыну пэублэ парт хэхыныгъэхэр егъэкIуэкIыным зэрызыхуагъэхьэзырым къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ партым и щIыналъэ исполкомым и унафэщI Парафилов Дмитрий.

Партым и телъхьэхэм я щIыналъэ советым хэт, «Жилсервис» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщI Щоджэн Артур и докладыр триухуащ «Къалэм зегъэужьныр: псэупIэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ» парт зэхьыхьэшхэр зэрекIуэкIам. Апхуэдэу абы жэуап иритащ зэIущIэм хэтахэр фэтэр куэд хъу унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным трагъэкIуэдэну ахъшэр къызэрыхахым, коммунальнэ Iуэхутхьабзэхэм я уасэкэр зэрагъэув щIыкIэм, нэхъ хуэмыщIакэм папщIа льготэхэр зэрагъэувым теухуауэ зыщIэупщIахэм.

ЗэIущIэм и кIэуэм партым и телъхьэхэм я щIыналъэ советым и унафэщI Коротких Ольгэ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ «Жылагъуэ экспертизэ» федеральнэ проектыр зэрагъэзащIам.

ПЕЧОНОВ Владилен.

● АПК

Миным нагъэсыну я мурадщ

Прохладнэ щIыналъэм щыIэ «Риал-Агро» мэкъумэш предприятэм и Iэщыхъуэхэм ехьэлIэныгъэ хъарзынэ яIэщ. Къызэрызэрагъэпэщахэр хуэдэ мыщIами, хозяйствэм и цIэр фIыкIэ жригъэIащ, и зэфIэкIым хигъахъуэ зэпытщ.

Мы зэманым абы жэм къашу щы щаIыгъщ. Псори щIыпIэм щеззгъ плъыжь-къуэлэн лъэпкъым хуэдэщ. Бокэр, жэм къэшыпIэхэр, Iэмэпсымэхэр иджырей пщалъэм къотIасэ, лэжьыгъэхэр техникэ Iэмалкiэ зэфIагъэкI. Жэм къэс хэхауэ кIэлъоплъ.

Предприятэм и унафэщIым и къуэдзэ Iэндыгъу Адмир зэрыжиIэмкIэ, зы щхьэм хуэззу махуэм шэ килограмм 15,5-рэ ящэ. Мы зэман гъунэгъум а бжыгъэм хуэдитIкIэ хагъэхъуэну я мурадщ. Абы папщIэ, хозяйствэм и Iэщ Iагъэпхъэн селекцэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI. «Iэщ лъэпкъыфI щагъэхъу хозяйствэ» статус зэригъуэтам и фIыгъэкIэ, къэрал дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт федеральнэ программэхэм ар дяпэкIэ хэтынущ.

- Ди гъэшым щIэупщIэшхуэ зэрилэм хэхъуэ хъарзынэ къыдет. Ар I Iэмалыр къэдгъэсэбэпу, жэм къашхэм я бжыгъэр миным нэдгъэсыну, лышхуэ зыщI Iэщ Iэввщ Iэ дгъэшхэну ди мурадщ, - къыригъэлъэгуащ Гъндыгъу Адмир.

МЫСОСТ Алий.

Ди къуэш республикэхэм

Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ егъэзащIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и Указым ипкъ иткIэ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид гъатхэпэм и 1-м щыщIэдзауэ республикэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ егъэзащIэ.***

КъШР-м 2011 гъэ лъандэрэ и Iэтащхьэ Темрезов Рашид зэрылэжьэну пIалъэр гъатхэпэм и 1-м икIащ. ЩIыналъэм и тхьэмадзэм и къалэнхэр Темрезов Рашид игъэззащIэнущ фокIадзэм и 18 пщIондэ, республикэм и Iэтащхьэ къулыкъум пэрыувэнур депутатхэм хахыну.

Ари гулъытэм щыщщ

АДЫГЕЙ. ***Зауэ щекIуэкI Сириемкъи-Iэпхъукiыу республикэм къэкIуахэм дохутырхэр епIэн хуейщ, уз зэрыцIалэ япкърытмэ къащIэн папщIэ.***

- АБЫ текIуэдэну ахъшэр Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм къалэн зыщещIыж, езыхэм ар зэрахуэзфIэмыкIынур, мылъку зэрамыIэр къыдгуроIуэри. Зы щIыхум ехьэлIа медицинэ хуэIухуэщIэм сом мини 3-м нэс хуоз, - жиIащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Мерзэтыкъуэ Рустем.

Мы гъэм и мазитIым республикэм къэкIуащ щIыху 18. Мы зэманым псори зэхэту Адыгейм щыIэщ зауэм пэIэщIэ зызыщIа ди лъэпкъэгъу 860-м нэблагъэ.

Гъатхэ нэщэнэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и къэрал таможеннэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Квициние Ушанги зэрыжиIамкIэ, мазаем и кIэм ирихьэлIэу Абхъазым Урысейм къригъэщащ мимозэ тонни 130-м щIигъу.***

МЫ ГЪЭМ мимозэр и чэзум къэгъащ. А дзэ дахэм щыщу тонн мини 3,5-м щIигъу махуэ къэс къашэ Урысейм.

Мимозэр кIарцым ещхьщ, аращ «акация-серебристая» цIэри щIиIэр. Гъуей телпъэ зиIэ а къэкIыгъэр Азием и ипщэкъуэкIыпIэм кърашри Абхъазым щыхасауэ щытащ 1860 гъэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Нобэ

- ♦ТхакIуэм и дунейпсо махуэщ
- ♦Куржым щагъэлъапIэ Анэм и махуэр
- ♦Къыргъызым и Къэрал ныпым и махуэщ
- ♦Ульяновскэ областым и ныпымрэ гербымрэ я махуэщ
- ♦Болгариеи и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - уэсмэнхэм я пщылIыгъэм къыщыщIэкIа, езыхэм я къэралыгъуэр щызэрагъэпэщыжа махуэщ. 1396 гъэм къыщыщIэдзауэ 1878 гъэ пщIондэ Болгариер Уэсмэн империем хьихьэу щытащ.
- ♦Японием щагъэлъапIэ хъыджэбз цIыкIуэхэм я махуэр
- ♦1613 гъэм Романов Михаил Фёдор и къуэр Урысейм и пащтыхьу щыхахащ цIыхубэ лIыкIуэхэм я зэхуэс нэхъыщхьэм.
- ♦1861 гъэм Урысейм и император Александр ЕтIуанэм Iэ щIидзащ цIыхуэхэрягъэпщылIу мыдэным, хуит къэхъуж мэкъумэшыщIэхэм я Iуэхур зэрыхъунум теухуа унафэм.
- ♦1920 гъэм Москва Печатым и унэ кIыщыдзэIуахащ. Иджыпсту ар Журналистым и Унэ нэхъыщхьэщ.
- ♦1923 гъэм Америкэм къыщыдзакIащ «Time» журналым и япэ номерыр.
- ♦1931 гъэм США-м и Конгруссым къэралым и лъэпкъ гимныр къищтащ.
- ♦1991 гъэм Латвиемрэ Эстониемрэ референдум щекIуэкIащ а республикэхэр СССР-м къыгуэкIыным теухуауэ. Латвием щыпсэухэм я процент 75-м нэблагъэу, Эстонием исхэм я процент 78-м щIигъу и телъхьэ хуат я къэралхэр щхьэхуэ хъуным.
- ♦УсакIуэ Мысачэ Пётр къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.
- ♦Урысей зэхурычэтыщIэ, Iэфыкiэ къыщыщIагъэкI концерным, зи продукцэр ди зэманми цIэрыIуэ «Бабаевский» Iуэхущапл Iэм, и къызэгъэпэщакIуэ **Абрикосов Алексей** къызэралъхурэ илъэси 192-рэ ирокъу.
- ♦Шотландием щыщ щIэныгъэлI, къэхутакIуэ, телефоныр къэзыгупсыса, Америкэм телекоммуникацэ IэнатIэм зыщIужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Белл Александр** къызэралъхурэ илъэси 169-рэ ирокъу.
- ♦Совет тхакIуэ, усакIуэ, драматург **Олешэ Юрий** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.
- ♦Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI **Къардэн Зэмахъшэрий** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.
- ♦Совет актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Марковэ Риммэ** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
- ♦Кинорежиссёр, тхакIуэ, композитор, продюсер, ЩIДАА-м и академик **Къандур Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
- ♦Совет актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Мартынюк Георгий** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.
- ♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Молей Алихъан** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
- ♦Урысей жылагъуэ лэжьакIуэ, политик, «Новое литературное обозрение» тхылъ тедзапIэр къызэзыгъэпэща икIи абы и редактор нэхъыщхьэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Прохоровэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зызыгъэгусэ Iыхьэншэщ.

«Черкесия» ансамблым Эстониемрэ зыкъыщегъэлъагъуэ

● Хъыбар гуапэ

Къалмыкъ Юрий и цIэр зезыхьэ «Адыгэхэр» фондым къегъэщIылIауэ Москва щыIэ «Черкесия» ансамблыр ирагъэблагъэщащ Эстонием щекIуэкIа «Полет синей птицы» дунейпсо фестивалым. Гупым и художественнэ унафэщIыр Шорэ Анзорщ.

ЗЭХЫХЬЭР щекIуэкIащ Эстонием и къалащхьэ Таллинн концертхэр щат и зал нэхъыщхьэм. Абы щызэхуэсащ къэрал куэдым щыщ ансамблхэр. «Черкесия» гупым и къэфакIуэ псори щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу Эстонием мыкIуэфами, зэхыхьэм хэтыну къызэхъулIахэм фестивалым екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Гупым къафитху утыку кърахьащ. Концертыр уэркъ къафэкIэ къызэIуахащ. Абы къыкIэлъыкIуащ хъурашэ (шапсыгъ уджыр), къуаншэ, мэздэгу къафэхэр, лъапэрисэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ, «Черкесия» гупыр зэпеуэм хэмытами, абыхэм ягъэлъэгъуа къафэхэр хуабжьу зигу дыхьа къэпщытакIуэхэм гулъытэншэ зэрамыщIар. Ансамблым къыхуагъэфэщащ щIыхь тхылъхэмрэ саугъэт щхьэхуэхэмрэ.

«Черкесия» гупыр хамэ къэралым кIуэнымкIэ къыдэIэпыкъуащ «Лира» дунейпсо щэнхабзэ зэгухьэныгъэр. Апхуэдэу ансамблым фIыщIэ хуещI фестивалым зэрыхэтыну мылъкукIэ закъыщIэзыгъэкуа «Адыгэхэр» фондымрэ ХьэбытIэжь СулътIанрэ.

Гуапэщ, гур хэзыгъахъэщ, лъэр щIэзыгъэкIщ лъэпкъым и хабзэр, и щэнхабзэр, и бзэр дунейпсо утыку екIуу зэрыщагъэлъагъуэр.

БЖЬЫХЬЭПI Роззэ.

ЦIыхухэр сакъыну къыхудоджэ

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым цIыхухэр къыхуреджэ ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм ехьэлIа нэгуэзыужь Iуэхухэр щрагъэкIуэкI лъэхъэнэм террорым и щIэпхъаджагъэхэм зэрызыщахъумэнум хуэхьэзыру, сакъыу щытыну.

ЦIыху куэд щызэхьыхьэ щIыпIэхэм фыщызыхуэсакъыж, набдзэгубдзаплъэу фыщыт. Шэч гуэр фэзыгъэщI хьэпшыпхэм фрихьэIамэ, фемыIуса, фымыгъэхьей, ахэр зэрылъ хъуржынхэр зэIувмых, сыту жыпIэмэ, а псоми гуэзвэгъуэшхуэ кьадэкIуэнкIэ хъунущ.

Террористхэм кьагъуэ пкъыгъуэхэр щагъэтIылъкIэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр кьагъэсэбэп - ахэр екIуу зэкIуащIалъхьэ, хъуржын дахэхэм ираталъхьэ, сабийхэр зэрыджэгу Iэмэпсымэхэри кьыщагъэсэбэп щыIэщ.

Автотранспортыр здэщымытыпхъэм щагъэуваУ фыщрихьэлIэм деж, псом хуэмыдэу автомашинэхэм нэгъэущI щIыналъэхэм я дамыгъэхэр якIэрыльмэ, абы теухуауэ хабзэхъумэ органхэм хьыбар евгъащIэ.

Апхуэдэ сакъыныгъэ фхэлъу, набдзэгубдзаплъэу фыщытмэ, хабзэхъумэ органхэм фадэIэпыкъуфынущ гуэвэгъуэхэр къэмыгъэхъунымкIэ.

ПIащIэгъэкIэ фызэрыпсалъэ хъуну телефонхэр:

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым: 48-15-48;

ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм: 48-15-81;

КъБР-м щыIэ МВД: 40-49-10, 49-50-62;

УФ-м Следствиемкiэ и комитетым Следствиемкiэ и управленэу КъБР-м щыIэм: 77-64-22;

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм: 39-99-99.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

Іэпхъуэшапхъуэхэм ятеухуауэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щекІуэкІащ Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхухэм, жылагъуэ-къэрал эпыщІэныгъэхэм ятеухуа зэІущІэ.

АБы къырихьлІащ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ, Узыншагъэр хъумэнымкіэ, Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ, Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къыззгъэпщынымрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкіэ и министерствэхэм, прокуратурэм, Урысейм Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхухэмкіэ и къулыкъущІапІэу КъБР-м щыІэм, Граждан, жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэм ядалэжьнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ управленэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм кьиклахэр. Ахэр тепсэлъыхьащ Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхухэмкіэ къэралымрэ жылагъуэмрэ я зэдзэлажьэкІэм, ди щІынальэм къэкІуахэр ди псэукІэм нэхъ псынщІэу хэгъэгъуэзэнымкіэ щыІэ Іэмалхэмрэ юристхэм абыхэм хуащІэ Іуэхутхьабзэхэмрэ, нэгъуэщІхэми.

Ди республикэм къэІэпхъуахэм я Іуэху зытетыр игъэбелджылащ Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхухэмкіэ къулыкъущІапІэм и къудамэу КъБР-м щыІэм и управленэм и унафэщІым и къуэдзэм и къанэхэр зыгъэзащІэ **Къалмыкъ Арсен**.

- 2015 гъэм нэгъуэщІ щыпІэ Іэпхъуахэм я бжыгъэр 3250-рэ мэхъу, къэІэпхъуахэр зыкъомкіэ нэхъ мащІэщ. Нэхъыбэу ди цІыхухэр макІуэ Германием, Азербайджаным, Армением, Абхъазым, Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм.

Арсен къыззэрихигъэщащи, ди цІыхухэр нэгъуэщІ щыпІэхэм щІэІэпхъуэм и щхьэусыгъуэ зэхъыщхьэр лэжьапІэ зэрамыгъуэтымрэ улахэр зэрымащІэмрэщ. ЩІалэгъуалэм щыщу нэхъыбэу республикэм икІыр щІэныгъэ куу ззэныгъэуэтауэ я Іэщагъэм ирилажьэну Іэмал зимыІэхэрщ. «Апхуэдэурэ екІуэкІмэ, ди щІэныгъэлІ нэхъыбІхэр тфІэкІуэдынущ», - жиІащ Арсен.

- 2006 гъэм щегъэжьауэ КъБР-м адыгэу къэІэпхъуэжащ цІыху 2633-рэ. ИкІам я бжыгъэр 8369-рэ мэхъу. Балъкъэру къэІэпхъуэжащ 1901-рэ, икІащ 1363-рэ. Урысу къэІэпхъуар 11483-рэ, икІар - 30998-рэ мэхъу. ЗэрыщІэщи, щІынальэм икІыр зи къаруилъыгъуэхэщ, щІэныгъэ зыбгъэдэльхэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къэІэпхъуэхэр икІэхэм яхуэдэкъым. Ахэр щэн-къэщхьуным нэхъ пыщІащ, - жиІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къыщыпсалъэм. Ар къытеувыІащ Сириемрэ къэІэпхъуІа ди лъэпкъгъуэхэм я Іуэху зытетми.

- 2014 гъэм республикэм къэдгъэблэгъэжащ Сириемрэ къиІэпхъуэІыжьа унагъуэ 25-рэ. Илъэс кІуам ди лъэпкъгъуэхэм республикэм и район зэхуэмыдэхэм къащыхуэтщэхуащ унэ 83-рэ. Абыхэм щІэтІысхьар цІыху 487-рэ мэхъу, - къыхигъэщащ ДАХ-м и тхьэмадэм. Сэхъурокъуэм зэрыжиІамкІэ, Тыркум къиІэпхъуэкІыжахэм ящыщ зыбжанэм мыбы зэрыщыпсэу я дэфтэрхэр мытэмэму къыщІэкІащ. Хэт Тыркум игъэзэжьи хуей хъущ, хэти и Іуэхур судым зэхегъэкІ.

Урыс тхьдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Канунников Анатолий** къытеувыІащ Украинэм къикІыжахэм я Іуэху зытетым.

- Республикэм и цІыхухэм гуапэу къырагъэблагъащ Украинэм щыІэ щытыкІэм игъэгузавэу къикІахэр. ЦІыхубэми къэралми яхуэзфІэкІ къагъэнакъым ахэр зыхуей хуэзэн папщІэ, ауэ псори арэзы пхуэщІыркъым, - къыхигъэщащ къэпсэлъам. Абы зэрыжиІамкІэ, Украинэм къикІахэм ящыщу нобэ республикэм кьинар цІыхуи 130-рэщ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхум теухуауэ щалэжьхэр игъэбелджылащ полицэм и полковник **Ащхъуэт Аслъэн**.

- Республикэм къыщыщІагъэщащ гражданствэ зимыІэ цІыху 17. Ахэр къыщагъуэтащ Налшык къалэ, Шэрэдж, Дзэлыкъуэ, Бахъсэн, Шэджэм, Іуащхьэмахуэ, Аруан, Май щынальэхэм. Іэпхъуэшапхъуэхэм ятеухуа законодательствэр 597-рэ къыззэпаудауэ щыІагъэщащ 2015 гъэм кьриубыдэу хамэ къэрал къикІахэм республикэм щалэжьащ щІэпхъаджагъэ 55-рэ. ЩІэпхъаджащІэхэм я нэхъыбэр Армением, Азербайджаным, Узбекистаным къикІахэрщ, - жиІащ абы.

Урысейм Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхухэмкіэ и къулыкъущІапІэу КъБР-м щыІэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и унафэщІ **Нэхіацэ Владимир** къытеувыІащ 2007 гъэм республикэм къыщызэрагъэпэщащэу щыта Жылагъуэ советым мы зэІущІэм къыщаІэта Іуэхухэм ятеухуауэ илъэхъэм.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Маслов Николай** къыхигъэщащ зэІущІэм щыжаІахэм хэплъэжу унафэ щхьэхуэ къыззэращтэнэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ІэщІагъэм хэзэгъэнымкІэ ядоІэпыкъу

● ЗэІущІэхэр

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым къызэригъэпэщри иджыблагъэ екІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетыр къэзыуухаэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщы-ным теухуа зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкІэ министр Шэт Ирмэ, республикэм и Парламентым и депутат Нэзрэн Бесльэн, медицинэ Іуэхущ Іапіэ зыбжанэм я дохутыр нэхъыщхьэхэр, Жылагъуэ советым щыщхэр, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и студентхэр.

ШЭТ Ирмэ тепсэлъыхьащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іуэхущапіэхэр Іэщ Іагъэлэхэмкіэ къызэрызэгъэпэща щІыкІэм. Иджыпсту Іэнатіэм щыІэщ медицинэ лэжьакІуэу мин 12-м щІигу, абыхэм ящыщу 3353-р дохутырщ. Республикэр къапщтэмэ, цІыху мини 10 къэс дохутыркІэ къызэрызэгъэпэщар процент 39,0-рэщ, Урысей Федерацэм ику иту ар процент 48,9-м щыноС. Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм дохутырхэр нэхъ мащІэ щыщыхьуар 2010 - 2012 гъэхэрщ. А лъэхъэнэм ирихьлІэу дохутыр 3333-рэ щыІати, ахэр 3183-м хуэкІуащ. 2014 гъэм дохутырхэм я бжыгъэр 3353-рэ хъужащ. Уней медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм ксыІукІыжри республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм пэрыуэжащ дохутыр 59-рэ, нэгъуэщІ щынальэхэм ксиклІыжащ Іэщ Іагъэлэ 11, «Къуажэ дохутыр» программэмкІэ лэжьапІэ ягъэуцащ цІыху 87-рэ, интернатурэр, ординатурэр нэгъуэщІ щыпІэхэм щІэІэпхъуэм и щхьэусыгъуэ зэхъыщхьэр лэжьапІэ зэрамыгъуэтымрэ улахэр зэрымащІэмрэщ. ЩІалэгъуалэм щыщу нэхъыбэу республикэм икІыр щІэныгъэ куу ззэныгъэуэтауэ я Іэщагъэм ирилажьэну Іэмал зимыІэхэрщ. «Апхуэдэурэ екІуэкІмэ, ди щІэныгъэлІ нэхъыбІхэр тфІэкІуэдынущ», - жиІащ Арсен.

- 2006 гъэм щегъэжьауэ КъБР-м адыгэу къэІэпхъуэжащ цІыху 2633-рэ. ИкІам я бжыгъэр 8369-рэ мэхъу. Балъкъэру къэІэпхъуэжащ 1901-рэ, икІащ 1363-рэ. Урысу къэІэпхъуар 11483-рэ, икІар - 30998-рэ мэхъу. ЗэрыщІэщи, щІынальэм икІыр зи къаруилъыгъуэхэщ, щІэныгъэ зыбгъэдэльхэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къэІэпхъуэхэр икІэхэм яхуэдэкъым. Ахэр щэн-къэщхьуным нэхъ пыщІащ, - жиІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къыщыпсалъэм. Ар къытеувыІащ Сириемрэ къэІэпхъуІа ди лъэпкъгъуэхэм я Іуэху зытетми.

- 2014 гъэм республикэм къэдгъэблэгъэжащ Сириемрэ къиІэпхъуэІыжьа унагъуэ 25-рэ. Илъэс кІуам ди лъэпкъгъуэхэм республикэм и район зэхуэмыдэхэм къащыхуэтщэхуащ унэ 83-рэ. Абыхэм щІэтІысхьар цІыху 487-рэ мэхъу, - къыхигъэщащ ДАХ-м и тхьэмадэм. Сэхъурокъуэм зэрыжиІамкІэ, Тыркум къиІэпхъуэкІыжахэм ящыщ зыбжанэм мыбы зэрыщыпсэу я дэфтэрхэр мытэмэму къыщІэкІащ. Хэт Тыркум игъэзэжьи хуей хъущ, хэти и Іуэхур судым зэхегъэкІ.

Урыс тхьдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Канунников Анатолий** къытеувыІащ Украинэм къикІыжахэм я Іуэху зытетым.

- Республикэм и цІыхухэм гуапэу къырагъэблэгъащ Украинэм щыІэ щытыкІэм игъэгузавэу къикІахэр. ЦІыхубэми къэралми яхуэзфІэкІ къагъэнакъым ахэр зыхуей хуэзэн папщІэ, ауэ псори арэзы пхуэщІыркъым, - къыхигъэщащ къэпсэлъам. Абы зэрыжиІамкІэ, Украинэм къикІахэм ящыщу нобэ республикэм кьинар цІыхуи 130-рэщ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхум теухуауэ щалэжьхэр игъэбелджылащ полицэм и полковник **Ащхъуэт Аслъэн**.

- Республикэм къыщыщІагъэщащ гражданствэ зимыІэ цІыху 17. Ахэр къыщагъуэтащ Налшык къалэ, Шэрэдж, Дзэлыкъуэ, Бахъсэн, Шэджэм, Іуащхьэмахуэ, Аруан, Май щынальэхэм. Іэпхъуэшапхъуэхэм ятеухуа законодательствэр 597-рэ къыззэпаудауэ щыІагъэщащ 2015 гъэм кьриубыдэу хамэ къэрал къикІахэм республикэм щалэжьащ щІэпхъаджагъэ 55-рэ. ЩІэпхъаджащІэхэм я нэхъыбэр Армением, Азербайджаным, Узбекистаным къикІахэрщ, - жиІащ абы.

Урысейм Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхухэмкіэ и къулыкъущІапІэу КъБР-м щыІэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и унафэщІ **Нэхіацэ Владимир** къытеувыІащ 2007 гъэм республикэм къыщызэрагъэпэщащэу щыта Жылагъуэ советым мы зэІущІэм къыщаІэта Іуэхухэм ятеухуауэ илъэхъэм.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Маслов Николай** къыхигъэщащ зэІущІэм щыжаІахэм хэплъэжу унафэ щхьэхуэ къыззэращтэнэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиІэ управленэм и лэжьакІуэхэм Зауэм, лэжьыгъэм, къэрал кІуэцІыдзэхэмрэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ советым щехъуэхъуащ зи юбилейр зыгъэлъапІэ нэхъыжьыфІхэм.

ПОЛИЦЕЙХЭМ я ветеранхэр ящыгъупщэркъым икІи абыхэм зэрахузэфІэкІкІэ зыщІагъакъуэ. Къапщтэмэ, гуапэщ къыщалъхуа махуэр нэхъыжьхэм зэряхуагъэлъапІэр.

Къыхэдгъэщынщи, нэхъыжьхэр жыджэру хэтщ Налшык къалэм щыІэ УМВД-м и иригъэкІуэкІ махуэшхуэ, спорт зэхьыхьэхэм, къалэ школхэм щІэсхэм папщІэ къызэрагъэпэщ зэІущІэкэм.

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм и къудамэм и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Унэгъэс Альберт нэхъыжьхэм ехъуэхъури, Управленэм и унафэщІхэм къабгъэдэкІ саугъэтхэр яритащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Нэхъыжьхэм йохъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кІыхьлъхьам иту депутатхэм я етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 26-м Налшык къалэ №130/1-5

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кІыхьлъхьам иту хаха Адэсщіыж Юрий Сэфарбий и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщъхьащхьам, хуит кхъхьужа мандатыр депутатхэм я кандидату ятха Шапсыгъ Рэхьимэ Мухъсин и пхъум кьищтэну зэрыхуэмеймкІэ тхыгъэ къызэриталъхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьи и Іуэхукіэ» 2008 гъэм шыщхьэуІум и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 6-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кІыхьлъхьам иту депутатхэм я етыным и Іуэхукіэ (№53) етын.

2. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Савченкэ Наталье Вячеслав и пхъур тхыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 26-м Налшык къалэ №130/2-5

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кІыхьлъхьам иту депутатхэм я кандидату ятха Савченкэ Наталье Вячеслав и пхъум етыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2016 гъэм мазаем и 26-м кьыдигъэкІа Унафэ №130/1-5-м ипкъ иткІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьи и Іуэхукіэ» 2008 гъэм шыщхьэуІум и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Савченкэ Наталье Вячеслав и пхъур тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам зэрыхахамкІэ удостоверенэр етын.

3. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Бахъсэн муниципальнэ районым и къуажэ муниципальнэ щІыналъэхэм я хэхакіуэ комиссэхэм я полномочиехэр Бахъсэн щІынальэ хэхакіуэ комиссэм етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 16-м Налшык къалэ №130/3-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яІэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Іыхьэ 4-м тету икІи Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Нартхъалэ къалэм, Джэрмэнэшык Іуэхуажэ, Бэкъуэн Іуэхуажэ, Мэрзэхъу Іуэхуажэ, Шэрэдж Ищхъэрэ Іуэхуажэ, Псыгуэнсу Іуэхуажэ, Псыкуэд Іуэхуажэ, Псынабэ Іуэхуажэ, Старэ Шэрэдж Іуэхуажэ, Аруан Іуэхуажэ, Чернэ Речкэ Іуэхуажэ, Шытхьэлэ Іуэхуажэ муниципальнэ щІынальэхэм я хэхакІуэ комиссэхэм я полномочиехэр етын Аруан щІынальэ хэхакІуэ комиссэм.

2. Мы Унафэр Аруан муниципальнэ районым и къуажэхэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ я советэхэм, Аруан щІынальэ хэхакІуэ комиссэм я Іуэхукіэ.

3. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Налшык къалэ округым и хэхакіуэ комиссэм и полномочиехэр Налшык къалэ щІынальэ хэхакіуэ комиссэм етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 16-м Налшык къалэ №130/4-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яІэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Іыхьэ 4-м тету икІи Налшык къалэ округым щыІэ Іэсэкэн муниципальнэ районым щыщ Анзорей, Аргудан, Лэскэн Ипщэ, Лэскэн ЕтІуанэ, Ерокъуэ, Уэзрэдж, Ташлы-Тала, Урыху, Хьэтуей къуажэхэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ я советхэм къагъэхьа тхыгъэхэм ятха ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Анзорей къуажэ, Аргудан къуажэ, Лэскэн Ипщэ къуажэ, Лэскэн ЕтІуанэ къуажэ, Ерокъуэ къуажэ, Уэзрэдж къуажэ, Ташлы-Тала къуажэ, Урыху къуажэ, Хьэтуей къуажэ муниципальнэ щІынальэхэм я хэхакІуэ комиссэхэм я полномочиехэр етын Лэскэн щІынальэ хэхакІуэ комиссэм.

2. Мы Унафэр Лэскэн муниципальнэ районым и къуажэхэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ я советхэм, Лэскэн щІынальэ хэхакІуэ комиссэм я Іуэхукіэ.

3. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Прохладнэ къалэ округым и хэхакІуэ комиссэм и полномочиехэр Прохладнэ къалэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэм етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 16-м Налшык къалэ №130/5-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яІэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Іыхьэ 4-м тету икІи Прохладнэ къалэ округым щыІэ Іэсэкэн муниципальнэ районым щыщ Анзорей, Аргудан, Лэскэн Ипщэ, Лэскэн ЕтІуанэ, Ерокъуэ, Уэзрэдж, Ташлы-Тала, Урыху, Хьэтуей къуажэхэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ я советхэм къагъэхьа тхыгъэхэм ятха ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Прохладнэ къалэ округым и хэхакІуэ комиссэм и полномочиехэр Прохладнэ къалэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэм етын.

2. Мы Унафэр Прохладнэ къалэ округым щыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ я советхэм, Прохладнэ къалэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэм яхуеГъэхъын.

3. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Бахъсэн къалэ округым и хэхакІуэ комиссэм и полномочиехэр Бахъсэн къалэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэм етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 16-м Налшык къалэ №130/6-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яІэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Іыхьэ 4-м тету икІи Бахъсэн къалэ округым щыІэ Іэсэкэн муниципальнэ районым щыщ Анзорей къуажэхэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ я советхэм къагъэхьа тхыгъэхэм ятха ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Бахъсэн къалэ округым и хэхакІуэ комиссэм и полномочиехэр Бахъсэн къалэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэм етын.

2. Мы Унафэр Бахъсэн къалэ округым щыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ я советым, Бахъсэн къалэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэм яхуеГъэхъын.

3. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Аруан муниципальнэ районым и къуажэ муниципальнэ щІынальэхэм я хэхакІуэ комиссэхэм я полномочиехэр Аруан щІынальэ хэхакІуэ комиссэм етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 16-м Налшык къалэ №130/7-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яІэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Іыхьэ 4-м тету икІи Аруан муниципальнэ районым щыщ Нартхъалэ къалэм, Джэрмэнэшык Іуэхуажэ, Бэкъуэн Іуэхуажэ, Мэрзэхъу Іуэхуажэ, Шэрэдж Ищхъэрэ Іуэхуажэ, Псыгуэнсу Іуэхуажэ, Псыкуэд Іуэхуажэ, Псынабэ Іуэхуажэ, Старэ Шэрэдж Іуэхуажэ, Аруан Іуэхуажэ, Чернэ Речкэ Іуэхуажэ, Шытхьэлэ Іуэхуажэ муниципальнэ щІынальэхэм я хэхакІуэ комиссэхэм я полномочиехэр етын Аруан щІынальэ хэхакІуэ комиссэм.

2. Мы Унафэр Аруан муниципальнэ районым и къуажэхэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ я советхэм, Аруан щІынальэ хэхакІуэ комиссэм я Іуэхукіэ.

3. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Лэскэн муниципальнэ районым и къуажэ муниципальнэ щІынальэхэм я хэхакІуэ комиссэхэм я полномочиехэр Лэскэн щІынальэ хэхакІуэ комиссэм етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 16-м Налшык къалэ №130/8-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яІэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Іыхьэ 4-м тету икІи Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Анзорей, Аргудан, Лэскэн Ипщэ, Лэскэн ЕтІуанэ, Ерокъуэ, Уэзрэдж, Ташлы-Тала, Урыху, Хьэтуей къуажэхэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ я советхэм къагъэхьа тхыгъэхэм ятха ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Анзорей къуажэ, Аргудан къуажэ, Лэскэн Ипщэ къуажэ, Лэскэн ЕтІуанэ къуажэ, Ерокъуэ къуажэ, Уэзрэдж къуажэ, Ташлы-Тала къуажэ, Урыху къуажэ, Хьэтуей къуажэ муниципальнэ щІынальэхэм я хэхакІуэ комиссэхэм я полномочиехэр етын Лэскэн щІынальэ хэхакІуэ комиссэм.

2. Мы Унафэр Лэскэн муниципальнэ районым и къуажэхэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ я советхэм, Лэскэн щІынальэ хэхакІуэ комиссэм я Іуэхукіэ.

3. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Щlакхъуэ

Іэщым ирагъэшхыпхъэ гуэдзыр хьэжыгъэ ящI

Урысейм и гъавэгъэкIхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэм зэрыжиІамкIэ, и фIагъкIэ етхуанэ классым хабжа гуэдзым щIакхъуэ къыхащIыкIыну хуит щIын зэрдэмыр щIэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар иджыпстуи къаГъэсэбэп.

ІУЭХУЩIАПIЭМ щыжаІащ Іэщым ирагъэшх гуэдзыр щIакхъуэзэкIэр щагъэкъэзыркIэ къыщагъэсэбэп къыздэзырауэ. Гуэдз тэмэмым (епIланэ класс зиІэм) фIы зыщI пкъыгъуэзэр халъхьэ, абы нэхъ пудым щыщ хакIутэжри въэжыгъэ ящI», - жиІащ гъавэгъэкIэм я зэгухьэныгъэм и президент Злочевский Аркадий.

Іэщым ирагъэшхыну гуэдзыр щIакхъуэ щащIкIэ къагъэсэбэпыну хуит щIыным теухуауэ яГъэхъэзыру жыхуаІэ хабзэщIэм щыптепсэлъыхьым Злочевскэм къыхигъэщащ ар иджыпстуи ящIэхэр дэфтэркIэ щIагъбыдэн мурадкIэ къыхалъхьэу арауэ.

ЩIакхъуэгъажьэхэр Іэдэм дэкъэзащ

ЩIакхъуэм и фIагъыр щымыщIагъуэ къыззрыхьум и щхьэусыгъуэу Злочевскэм къыпытэр щIакхъуэгъагъажьэхэр зыдэкъуза Іэдэрщ. «Абыхэм щIакхъуэм и фIагъым кIэрагъэхун фIэкIа нэгъуэщI хэкIыпIэ къахуэгъуэтыркъым, - жеIэ абы. - Дэкъуэзэныгъэхэр щытыкIитIым къыхохI. Зы лъэныкъуэкIэ, щIакхъуэгъажьэхэм я зэгухьэныгъэм и президент Косован Анатолий жиIащ етхуанэ класс зиІэ гуэдзым щIакхъуэ къыхащIыкIыну хуит зыщI ГОСТ-м и проектым жыджэру зэрелэжьыр. Уеблэмэ абы къыщыгъэлъэгъуакъым хьэжыгъэм и зэхэлъыкIэ нэхъыщхьэхэр, псом нэхъапэ белокыр.

Абы и псалъэм къыззрыхэщымкIэ, хьэжыгъэр нэхъыфI зыщI хэлъхапхъэхэр къэралым уэру къохьэ. «ЕтIуанэ сорт зиІэ хьэжыгъэр и теплъэкIэ япэ сортым ещхь, нэхъ хужь зыщI, ар езыгъэфIакIуэ хэлъхапхъэхэр Урысейм куэду къашэ, - жиІащ абы. - Аращи, ди хьэжыгъэр нэхъ Іеихукlэ, абыхэм я Іуэхур нэхъыфI мэхъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди къэралым хьэжыгъэм и фIагъым хэзыгъэхъуэхэр къыщыщIагъэжIыркъым. Абы ехьэлIа промышленностыр 90 гъэхэм хагъэкIуэдэжауэ щытащ икIи нобэр къыздэсым зэфIагъэувжакъым».

Косован къыззрыхигъэщамкIэ, хьэжыгъэ тэмэм къызыхэкIыну и фIагъкIэ ещанэ класс зиІэ гуэдзым нэхърэ мынэхъыкIэрщ. Апхуэдэр ди къэралым щыкуэдщ. «Ауэ иджырей зэманым хьэжыгъэр и нэхъыбапIэкIэ къызыхащIыкIыр нэхъыбэу епIланэ классым хиубыдэ гуэдзырщ», - жиІащ абы.

«Интерфакс» хъыбарегъащIэ ІэнатIэ.

Зыгъэпсэхугъуэ зэманыр зэраубзыхуну щIыкIэм дэтхэнэ унагъуэми щытопсэлъых: валютэхэм я уасэр зэрыдэкIуеям къыхэкIыу хамэ къэралхэм уи нэгу щыбгъэжьжыныр хуабжьу льапIэ хъуащ. Нэхъыбэу здэкIуэу щыта Тыркумрэ Мысырымрэ ди цIыхухэм яфIэкIуэдащ. Урысей Ипщэм и зыгъэпсэхупIэхэм уасэхэмзэрыщыхэхъуэмуагъэшынэ. Сыт дызыпIэлъэнур икIи дэнэ зыщыдгъэпсэхунур? А упщIэхэмкIэ «АиФ»-м зыхуигъэзащ УФ-м туризмэмкIэ и агентствэм и унафэщI Сафонов Олег.

САФОНОВ Олег:

Ди зыплъыхьакIуэхэр зэпэубыдащ

- Нэгъабэ Президент Путин Владимир жиІауэ щытащ «Урысейм зыгъэпсэхупIэхэр тыншу, хьэлэмэту, мылъапIэу щыщытын хуейуэ», мы гъэм туризмэм зегъэужьыным теухуа зэІущIэр премьер-министрым зэхуишэсащ. Туризмэм и сыт хуэдэ унэтIыныгъэхэра фи Іуэхущ Іапl эм зызригъэужьыну нэхъ тегъэщIапIэ ищIыр?

- Мыхьэнэшхуэ зиІэщ цIыхум езым фIэфI туризм лІэужьыгъуэр къыхихьжыну Іэмал етыныр. Дэ дэтхэнэ унэтIыныгъэми щIэгъэкъуэн дыхоХу. Иджыпсту нэхъ щIэупщIэ зиІэхэм ящыщщ тенджыз Іуфэ, щэнхабзэ-къэпщIакIуэ туризмэр, араущи, абыхэм нэхъ гулъытэ хэха яхудощI.

- Псы Іуфэм зыщыгъэпсэхуным теухуауэ. Илъэс ипэкIэ фэ жыфIауэ щытащ ди курортхэм «псори хэтщ» системэр щылэжьэну, апхуэдэу щыщытщ ди цIыхухэм я гум дыхьа Тыркум. Апхуэдэхэр къэунэхурэ?

- Ар тенджыз Іуфэ зыгъэпсэхупIэхэм хуэм-хуэмурэ къыщрунэху. «Псори хэтщ» системэр - ар ущыпсэупуэм и уасэр ептмэ, пшхынури, узэфэнри, нэгъуэщI Іуэхутхьбзэхэри щыбгъуэт, ди цIыхухэм яфIэтынш лІэужьыгъуэщ. Псом япэрауэ, я мылъкур трагуэшэну Іэмал яІэщ. Апхуэдэ Іэмалым зыгъэпсэхуакIуэхэр къриушлІэнщ.

- Медицинэ туризмэм и Іуэхущ? Абы зевгъэужьыну фи мурад?

- Шэч хэмылъу. Узыншагъэр зыужьмэныкIэ министерствэм дэщIыгъуу дэ медицинэ туризмэм и программэм доложь. Абы ди деж и мызакъуэу, хамэ къэралхэми зыщедгъэужьынущ. Европей курортхэм елъытауэ, ди санаторэхэр уасэхэмкIэ нэхъ езэгъыбрабгъуэ. Урысейм укъакIуэу уи узыншагъэр щебгъэфIэкIуэну, операцэ зыщебгъэщIыну нэхъ фейдэщ. А унэтIныгъэм дуней псом жыджэру зыщеужь, дэри уевыпIэ хэха абы щыдубыдын хуейщ. Медицинэ Іуэхутхьбзэхэр Европэм куэдкIэ щынэхъ льапIэщ. Ди уасэхэр зэрынэхъ пудымрэ оборудованэхэм я фIагъымрэ я мызакъуэу, дэ Іэщ Іагъэлl Іэзэхэри диІэщ.

- Мы махуэхэм жыфIащ Сочэ и зыгъэпсэхупIэхэм щхьэусыгъуэнщэу уасэхэм щыхагъахъуэу Ростуризмэм имыдэну. КъызэрыщIэкIымкIэ, ренокым къыщекIуэкI уасэхэр зывогъэзэхуэф.

- ЩIэх-щIэхыурэ зэхьдох зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм ирихьэлIэу Урысейм уасэхэм зэрыщыхъэхунэм цIыхухэр - зэригъэПлейтейр икIи ар къыдгуроIуэ. А щынальэм и туризмэм и процент 64-р зезыгъакIуэ операторхэмрэ Сочэ и Іэтащхьэмрэ ирагъэкIуэкIа зэІущIэм щыжаІащ уасэхэр нэгъабэрейм темыкIыну, языныкъуэхэм инфлящэм теухуауэ зэхъуэкIыныгъэ мащIэхэр яГуэтынкIэ хъунущ. Іуэхутхьбзэр емыфIэкIуауэ уасэхэм хэхъуэ хъунукъым.

Уасэхэр зэхуэгъакIуэным я гугъу пщIымэ, ар зэлъытар рынокым къыщекIуэкI зэныкъуэкъуныгъэщ. Туризмэм ар фIы дыдэу щолажьэ. Фэтэр зытми, цIыху къезышэкIми, зыгъашхэми зыхуей уасэхэри яГуэныбфынущ. Ауэ а Іуэхутхьбзэр цIыхухэм къыхахыну? Щхьэусыгъуэнэшэу уасэхэм хэбгъахъуэурэ туристынышэу укъэнэнкIэ щынагъуэ щыІэщ. Рынокыр щэхуакIуэм и тельхьэщ, псом хуэмыдэу нобэ - дэтхэнэ зы зыгъэпсэхуакIуэм щхьэкIи зэныкъуэкъуныгъэ гуащIэ къыщекIуэкIым.

- Зэрыщытым хуэдэу къэтщтэнщи: Урысейм зыщыбгъэпсэхуныр льапIэщ. Уеблэмэ хамэ къэралхэм нэхърэ нэхъыбэ щытекIуадэри мымащIэу. Сыт апхуэдэу щIыщытыр?

- Къэрал кIуэцI туризмэр ди деж иджыри щыІэсфIэувэу аращ. Къалэн хуэд къыптпэщIылъщ турист Іуэхутхьбзэхэм цIыхухэр зэрыщыгугъым хуэдэ фIагърэ уасэ езэгъыбрабгъуэ яГуэтын щхьэкIэ. Къэралым имыкIыу зызыгъэпсэху туристхэм я гъуэгупщIэр егъэхьапхъэщ, зыхуей-зыхуэфIхэр зэгъэщIапхъэщ. Хамэ къэрал туризмэм илъэс куэдкIэ телъжьа Урысей туриндустриим и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэр къэрал кIуэцIымкIэ къриІуэнтIэкIыжын щхьэкIэ зэман хуейщ.

Куэд щIакъым ди къэралым гуп зэгъэуІуахэм зыщагъэпсэхуну Іэмал зэрагъэтрэ. ЦIыхур турист агентствэм я зэранкIэ цIыхуитI е нэхъыбэ хэкIуэдэныр) икIэ иткIэ уголовнэ Іуэху къаІэтащ. Комим и Іэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэщащIэ Галликов Сергей следственнэ, кIэлъыплъакIуэ Іэнатlэхэр къыхуриджащ аварием и щхьэусыгъуэр зэІуахуэ зэхагъэкIыну. «А щхьэусыгъуэм цIэрэ унэцIэрэ иІэн хуейщ», - жиІащ абы.

А псом къадэкIуэу, шахтёрхэм я Іыхьлыхэм социальнэ сетхэм щыжаІэ шахтэм апхуэдэ гуэзвэгъуэ зыкъэрыщыхъуфынум унафэщIхэр щыгъуазэу щытауэ, ауэ, апхуэдэу щыт пэтми, лэжьакIуэхэр щIыгъуэм ирагъэхауэ. Апхуэдэу абыхэм къыхагъэщIфамыщIкIэщIэзых компанием и лэжьакIуэхэр махуэ зыбжанэ ипэкIэ Іуэм телъуэн пщIы бжыгъэхэмкIэ страхованэ ищIыну.

Хэкlуэда шахтёрхэмрэ къеГъэлакIуэхэмрэ я унагъуэхэм республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан зырыз, фэбжь хьэлъэ зыгъуэтам сом мин 400, ику ит фэбжь къэуІуатхуам сом мин 200 иратынущ. Ар «Воркутауголь» компанием шахтёрхэм ядрищIылIауэ щыта зэгурыІуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуахэм дэщIыгъуущ. Воркута и «Северная» шахтэм щыхэкIуэда къеГъэлакIуэхэм къэрал дамыгъэхэр хуагъэфэщэнщ.

СЕМЁНОВЭ Аннэ.
«Газета.ru»

● Туризм

вэм екIуалIэрэ хамэ къэрал зыщIгъэпсэхуну жиІэмэ, абы унэтIныгъэ зыбжанэ къыхуагъэлъагъуэ. Урысейм зыщIгъэпсэхуну гукъыдэж ищIамэ, абы щхьэкIэ щхьэхуэу билет, щыпсэун, нэгъуэщIэри къыхуалъхьуэн хуей хьурт. Ар, япэрауэ, нэхъ льапIэщ, етIуанэрауэ, тыншкъым. Нэгъабэ япэу турист унэтIныгъэхэр къыхузэрагъэпэщащ Сочэ, Анапэ, Кърымым, Минеральные Воды зыщызыгъэпсэхунхэм. ЦIыхухэми ахэр жыджэру къащэхун щIадзащ. Иджыпсту дытолажьэ апхуэдэ унэтIныгъэхэр нэхъыбэ зэрытщIыным: Мэзкуу, Санкт-Петербург, адрей къалэшхуэхэми цIыхухэр тшэнущ. Апхуэдэурэ екIуалIэ, уасэхэри нэхъ езэгъырабгъу хъунущ.

- Премьер-министрым фи пщэ къыдилъхьащ къхъухьлатэхэм трагъэкIуадэм субсидие программэ къыхузэрагъэпэщыну. Ар дауэ зэрыфщIынур?

- Туроператорхэр ди гъусэу УФ-м ТранспортымкIэ и министерствэм тхыгъэ хуэдгъэхьэзыращ. Абы къыщыпIэтащ цIыхухэр кхъухьлъатэкIэ зекIуэным щIат пщIэр нэхъ мащIэ зэрытщIын жэрдэмэхр. А Іуэхумкlэ Правительствэри ди телъхьэщ. Иджыпсту ди тхыгъэхэм я жэуапхэм дыпоплъэ, ар къыпIэрымыхьауэ Іуэхум утепсэлъыхьыну пасэщ.

- Урысей туристхэр здэкIуэ Тыркумрэ Мысырымрэ щызэхущIам, фэ къызэпхьвгъэІукIауэ щытащ къэрал зыбжанэм урысей зыплъыхьакIуэхэр зыІэрагъэхьэн щхьэкIэ Іуэхутхьбзэ хэхакъэр къагъэльэгъуну. Дэнэ щыІэ ахэр?

- Апхуэдэ къэралхэр куэдкIейщ. Ахэр: Болгарие, Израиль, Алыдж, Кипр, Италие, Испание, Иран, Марокко, Вьетнам, Таиланд, нэгъуэщIхэри. Абыхэм уасэ езэгъырабгъу зыхуэзэ Іуэхутхьбзэхэр къагъэльагъуэ. Сыт хуэдэ туристым щхьэкIи иджыпсту зэныкъуэкъу гущIэ йокIуэкI, зыгъэпсэхупIэ куэдым ар зыІэрагъэхьэну хущIокIуэ. Нэхъапэм Тыркумрэ Мысырымрэ зыщызыгъэпсэхуу щыта ди цIыху мелуани 3 - 5-м ящыщ Іыхьэр я деж зэрырашэлIэн Іуэхутхьбзэхэр къыхуагъэлъагъуэ. Абы и фIыгъэкIэ, туристым, зэригъэпащэурэ, зыщигъэпсэхуну къэралыр къыхихыну Іэмал иІэщ. Къэрал кIуэцI туризмэм и деж«Ар нэхъыфIщ. Ди къэралым и курортхэм къыщекIуэкI уасэхэмрэ Іуэхутхьбзэхэм я фIагъымрэ зэхуэмыкIуэмэ, цIыхухэр хамэ къэралхэм зыгъэпсэхуакIуэ кIуэнущ.

- Къэралым иджыпсту фи Іуэхущ Іапl эм гулъытэшхуэ хуещI. Сыт ар къыхьэхкIыр?

- Туризмэм зиужьыным мыхьэнэ щиІэр туристхэм я деж и закъуэкъым, атIэ а щынальэхэм щыпсэуэхэм я деж«Ки, экономикэмкIи сэбэпщ. Цыхубэ хозяйствэм и къудамэ 53-м туризмэр епхащ. Абы зыужьыныгъэ игъэтмэ, къепхаэри йофакIуэ. Туристыр ахъшэ иІыгъуэ къэкIуащ - шхын къещэжу, хьэщIэщым щопсэу, и нэгу зрегъэужь, хьэпшыпхэр къещэжу. А щынальэм щыпсэуэхэм лэжьыгъэ къахукъуокI, бизнесым зеужь, бюджетым налог хэхъуэ иІэщ. А псом я фIыгъэкIэ, социальнэ Іуэхутхьбзэхэр яГуэзащIэ, щынальэхэм я инфраструктурэр йофакIуэ. Абы псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ щиІэщ мэкъумэщ хозяйствэми промышленностми зыщамыужь щIыпкъэм.

- Уэ дэнэ къыкIэльыкIуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманыр щыбгъэкIуэнур?

- ЩIымахуэ зыгъэпсэхугъуэм си унагъэм и гъусэу Кърымым сыщыІащ. Ар сигу ирихьащ, иджыри абы сыкIуэну къыщIэкIынщ.

БУРАВЧИКОВЭ Дарье.
«Аргументы и Факты»

● Щlакхъуэ

Іэщым ирагъэшхыпхъэ гуэдзыр хьэжыгъэ ящI

Урысейм и гъавэгъэкIхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэм зэрыжиІамкIэ, и фIагъкIэ етхуанэ классым хабжа гуэдзым щIакхъуэ къыхащIыкIыну хуит щIын зэрдэмыр щIэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар иджыпстуи къаГъэсэбэп.

ІУЭХУЩIАПIЭМ щыжаІащ Іэщым ирагъэшх гуэдзыр щIакхъуэзэкIэр щагъэкъэзыркIэ къыщагъэсэбэп къыздэзырауэ. Гуэдз тэмэмым (епIланэ класс зиІэм) фIы зыщI пкъыгъуэзэр халъхьэ, абы нэхъ пудым щыщ хакIутэжри въэжыгъэ ящI», - жиІащ гъавэгъэкIэм я зэгухьэныгъэм и президент Злочевский Аркадий.

Іэщым ирагъэшхыну гуэдзыр щIакхъуэ щащIкIэ къагъэсэбэпыну хуит щIыным теухуауэ яГуэзащIэ жыхуаІэ хабзэщIэм щыптепсэлъыхьым Злочевскэм къыхигъэщащ ар иджыпстуи ящIэхэр дэфтэркIэ щIагъбыдэн мурадкIэ къыхалъхьэу арауэ.

ЩIакхъуэгъажьэхэр Іэдэм дэкъэзащ

ЩIакхъуэм и фIагъыр щымыщIагъуэ къыззрыхьум и щхьэусыгъуэу Злочевскэм къыпытэр щIакхъуэгъагъажьэхэр зыдэкъуза Іэдэрщ. «Абыхэм щIакхъуэм и фIагъым кIэрагъэхун фIэкIа нэгъуэщI хэкIыпIэ къахуэгъуэтыркъым, - жеIэ абы. - Дэкъуэзэныгъэхэр щытыкIитIым къыхохI. Зы лъэныкъуэкIэ, щIакхъуэгъажьэхэм я зэгухьэныгъэм и президент Косован Анатолий жиІащ етхуанэ класс зиІэ гуэдзым щIакхъуэ къыхащIыкIыну хуит зыщI ГОСТ-м и проектым жыджэру зэрелэжьыр. Уеблэмэ абы къыщыгъэлъэгъуакъым хьэжыгъэм и фIагъым хэзыгъэхъуэхэр къыщыщIагъэжIыркъым. Абы ехьэлIа промышленностыр 90 гъэхэм хагъэкIуэдэжауэ щытащ икIи нобэр къыздэсым зэфIагъэувжакъым».

Косован къыззрыхигъэщамкIэ, хьэжыгъэ тэмэм къызыхэкIыну и фIагъкIэ ещанэ класс зиІэ гуэдзым нэхърэ мынэхъыкIэрщ. Апхуэдэр ди къэралым щыкуэдщ. «Ауэ иджырей зэманым хьэжыгъэр и нэхъыбапIэкIэ къызыхащIыкIыр нэхъыбэу епIланэ классым хиубыдэ гуэдзырщ», - жиІащ абы.

«Интерфакс» хъыбарегъащIэ ІэнатIэ.

● Гъэсэныпхъэ

Сомитlкlэ нэхъ льапlэ мэхъу

Автомобиль гъэсэныпхъэхэм я акциэхэм я уасэм хэгъэхъуэным теухуауэ Финансэмкlэ министерствэм къыхилъхьа жэрдэмыр дагъыгащ УФ-м и Къэрал Думэмрэ Федерацэмкlэ Советымрэ. Абы илкъ иткlэ, мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ бензиным и уасэр сому 2-кlэ, дизель гъэсэныпхъэм 1 сомкlэ хэхъуэнущ. Правительствэм къызэрыщыхагъэщIамкIэ, апхуэдэ Іэмалым хуэкIуэн хуей щIэхъуар къэралыр зыIууа экономикэ щыткIэ гугъурщ.

«АКЦИЭХЭМ я уасэм иджыри зэ щIыхэдгъэхъуар федеральнэ бюджетым и хэхъуэр нэхъыбэ тщIын мурадкIэщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, щыдгъэмрэ я уасэмрэ сомым и пщIэмрэ илъэсыр икIыху иджыпсту зытетым темыкIмэ, бюджетым къыхэхъуэнущ сом триллиони 2,6-рэ», - жиІащ Къэрал Думэм и зэІущIэм УФ-м финансэмкIэ и министрым и къуэдзэ Зубарев Юрий.

Арщхьэкlэ, Іэщlагъэлlхэм къызэралъытэмкlэ, акциэ уасэм хэхъуэнухэр щIыдагъэ къыщIэзыш компаниехэм бензин игъэхъуапIэхэм щыІэ уасэхэмкIэ къыхахыжынущ.

«Алгоритм. Топливный генератор» компанием и аналитик пэрыт Костюков Виктор зэрыжиІамкIэ, акциэхэм зэрыхэхъуам хуэдизу дыдэ бензиным тралъхьэжьфынукъым. Урысейм ямытха хабзэ къыщюкIуэкI: гъэсэныпхъэр зэращэр инфляцэр зэрыдэкIуеям нэхърэ нэхъ псынщIэу хэхъуэ мыхъуну. «Федеральнэ антимонопольнэ Іуэхущ Іапl эм» рынокым хэтхэм хьыбар яригъэщащ уасэхэр проценти 2 - 3 нэхъыбэкIэ ямыІэтыну», - жиІащ абы.

Финансхэмкlэ министрым и къуэдзэ Орешкин Максим зэреплъымкIэ, бензиным и уасэр мы гъэм ди къэралым проценти 5 нэхърэ нэхъыбэкIэ щыхэхъуэнукъым. Ар къыщабжьым министерствэм и Іэщlагъэлlхэм къалъытащ щыдагъэм и 1 баррелым хуэзэу доллар 30 и уасэну. Аращи, текIуадэм и Іыхьэ гуэрхэр къыщIэзыІэсыкIэхэм тралъхьэнущ бензин игъэхъуапIэ щыхэзакъуэ станцхэм къащэку гъэсныпхъэм.

«2016 гъэм бензиныр нэхъ льапIэ дыдэ щыхъунур фокIадэ - жэпуэгъуэ лъэхъэнэрщ. А зэманым ирихьелIэу абы и уасэ нущ сом 40 - 42-рэ, - жеIэ щIэныгъэлIым. - Гъатхэ мазэхэм псори зэхэту проценти 3-кlэ хэхъуэнущ».

МИРОНОВ Василий.
«Российская газета»

● Санкцэхэр

КНДР-м дуней псор егъэпlейтей

Корее Ищхъэрэм хуэгъэзауэ зэхагъэувэну санкцэхэм теухуауэ США-мрэ Китаймрэ зэгурыІуащ. Ахэр жуэуап хуэхъунущ мы гъэм щIышылэм и 6-м Пхеньян ядернэ Іэщэ къызэрищтамрэ мазаем 7-м баллистикэ ракетэ зэригъэлъэтамрэ.

САНКЦЭХЭР яхуэгъэзащ цIыху щхьэхуэхэми юридическэ Іуэхущ Іапl эхэми. США-м ООН-м щиІэ лIыкIуэ Пауэр Самантэ къыхилъхьа резолюцэм Щынагъэншагъэмкlэ Советым и эн чэзу зэІущIэм щыхэплъэнущ.

«ООН-м Щынагъэншагъэмкlэ и Советым хэтхэм ди резолюцэр къыддаІыгъыну дащогугъ. Ар жуэуап хуэхъунущ КНДР-м и ядернэ программэм зэригъэужьын папщIэ ириІэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм», - жиІащ США-м ООН-м щиІэ лIыкIуэм. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, санкцэ зытралъхьэну юридическэ Іуэхущ Іапl эм ящыщщ Корее Ищхъэрэм Атомымрэ энергетикэ промышленностымкIэ и министерствэр, Авиацэмрэ зэрыщыгъэнэ зегъэужьынымкIэ лъэпкъ агентствэр, ТIасхъэщIэх бюро нэхъыщхьэр.

КНДР-м екъэлIа резолюцэм и кIэух проектыр зэхэзгъэва хуащ США-мрэ Корее Ищхъэрэм сату, политикэ Іуэхуэхэм кIэ быдзу пыщIа Китаймрэ зэращыІэ зэгурыІуэныгъэм и фIыгъэкIэ. Абы теухуауэ зэпсэлъыгъэр ирагъэкIуэкIын мурадкIэ, мазаем и 23-м Вашингтон кIуаш Китайм хамэ къэрал Іуэхуэхэмкlэ и министр Ван И. США-м и къэрал секретарь Керри Джонрэ США-м и Президентым зыныгъэншагъэмкlэ и чэнджэщагъэ Райс Сюзанрэ зыхэта зэІущIэм къыщащтащ игъэкIуэнущ.

«Пекин Пхеньян и телъхьэу икIи и къыщыхьэщыжакIуэу къекIуэкIащ сытым дежи. Апхуэдэу щыт пэтми, иужьрей илъэсхэм и гъунэгъум илэжьхэм Китайр егъэгубжь. Зыми ямыщIэу яутIыпщащ ракетэхэмрэ ядернэ къэпщытэныгъэхэмрэ къриклащ США-м, Японием, Корее Ипщэм Іэщэкlэ зэщIэуэзда я дэхэр щIыналъэм щыхэхуашэсынэр. Пекин и унафэщIхэр зэрегупсысымкIэ, а къэралхэм я лъэщагъым зэрыхэхъуэр иужькIэ Китайм зэран къыхуэхъужьфынущ.

КОРОСТИКОВ Михаил.
«Коммерсантъ»

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

Мазаем и 25-м Воркута къалэм и «Северная» шахтэм авариер къыщыхъуащ. Метр 780-рэ и куугъыну зэуэзэпсэу къырихуа метан газыр къэуащ икIи абы мафIэс къырикIуащ. А зэманым псори зэхэту шахтэм щылажьэрт цIыхуи 110-рэ. Абыхэм ящыщу 80-р къыщрашеижащ, адрейхэр щIы щIагъым къыщIэнащ. КъэхъуакъыщIи иужькIэ занщIэу наІуэ хуащ цIыхуилл зэрыхэкIуэдар.

Аргуэру нэщхъеягъуэ

● Къэхъукъащlэ

ЩIЫГУЛЪ къыгуэуам щIиубыда лэжьакIуэ 26-м я Іуэхур зытетым зыри щыгъуазэтэкъым. Къыкlэлъыкlуэ махуищым къэлъыхъуэныгъэ-къегъэлакIуэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ МЧС-м и лэжьакIуэхэм. Мазаем и 28-м и жэщ ныкъуэм «Северная» шахтэр иджыри зэ къэуащ. Асыхьэтым абы щылажьэрт цIыху 77-рэ. Абы хэкIуэдащ къызэтеуахэр зэтрахьжурэ щы щIагъым къыщIэна шахтёрхэм яхуэкIуэ къегъэлакIуитхурэ зы лэжьакIуэрэ. КъэхъэлъкIуэхэм лэжьыгъэхэр тэмэму ирагъэкIуэфынкIи щхьэкIэ абыхэм мафIэсыр зыгъэункIыфI газ хэха зэхуакуэм дауТIыпщхьэурэ кIуэцIрыкIырт.

«Авариер къыщыхъуа щIыпIэр нэхъ гугъуэхэм ящыщ зыщ - ар шахтэм ит газыр нэхъыбэу щызэхуихьэс плІанэпэщ. КъеГъэлныгъэ лэжьыгъэхэр абы щебгъэкIуэкIыныр Іэмал зимыІэщ, ауэ шынагъэншагъэр къызэрагъэпэщурэ къеГъэлакIуэхэр кIуэцIрокI», - нэхъапэІуэкIэ жиІат шахтэр зей «Воркутауголь» ОАО-м и пресс-Іуэхущ Іапl эм и лэжьакIуэ Харайкин Андрей. «Лэжьыгъэхэр щытыкIэ гугъу дыдэм иту - газымрэ Іугъуэмрэ уагъэлъагъу щIагъуэ щымыІэу - екIуэкIащ», - къыщыхагъэщащ УФ-м и МЧС-м.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, метаныр къыкIэлъыкIуэу къыщыуар хуэзащ шахтёр 26-рэ зыщIидзэда щIыпIэм. Абы иужькIэ сыт хуэдэ лэжьыгъэхэри къагъэувыІэну унафэ ящIащ. Иджыри къэуэнкIэ шынагъуэ щыІэт.

«Ди жагъуэ зэрыхъунщи, шахтэ кIуэцIым иужькIэ къыщыІуахэр хэлъпIытэмэ, абы псэууэ зыри кьинэжьину Іэмал яІакъым», - жяриІащ журналистхэм МЧС-м и Іэтащхьэ Пучков Виктор. - Къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъэмкIэ, шахтёр 26-рэ здэщыІа щIыпIэм температурэр щыпIьагъщ икIи абы кислород екIуалIэркъым».

Мы махуэхэм шахтэм иращIэнум йогупсис. «Воркутауголь» ОАО-м и техникэ директор Пайкин Денис и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, хэкIыпIитI щыІэщ. «Непэ - аварие къыщыхьуамрэ мафIэсыр здэщыІэ Іыхьэхэмрэ псы идгъэзырщ. ЕтIуанэр - мафIэсыр зыгъэужьых Іэмэпсымэ щхьэхуэхэр шахтэм идутIыпщхьэу ар жьы мыкIуэу дгъэбыдэнырщ», - жиІащ абы.

Иужьрей хъыбарыщIэхэм къызэрыхэщамкIэ, шахтэм псы ирамыгъэуэну трауХуащ.

Коми Республикэм и хабзэхъуэмэ Іэнатlэм щылажьэм зэрыжиІамкIэ, мыпхуэдэ насыпыншагъэхэр «Северная» шахтэм ящу къыщыхъуу аракъым. Абы лэжьэн зэрыщидзэрэ аварием 5 щыщ иКIи цIыху 36-рэ хэкIуэдащ. Псори зэхэту къапщтэмэ, 1994 гъэм къыщыщIэдзауэ «Воркутауголь»-м и шахтэхэм къыщыхъуа аварием 161-м цIыху ГъащIэу 116-рэ ихьащ. Компанием Іэщlэлъа шахтэ 13-м ящыщу лэжьэжыр 5 куэдещ.

Мазаем и 25-м къэхуа къызэрымыкIуэ щытыкIэм къыхэкIыу УФ-м и УК-м и 216-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм (шынагъэншагъэр къызэмыгъэпэщащэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я зэранкIэ цIыхуитI е нэхъыбэ хэкIуэдэныр) иткъ иткIэ уголовнэ Іуэху къаІэтащ. Комим и Іэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэщащIэ Галликов Сергей следственнэ, кIэлъыплъакIуэ Іэнатlэхэр къыхуриджащ аварием и щхьэусыгъуэр зэІуахуэ зэхагъэкIыну. «А щхьэусыгъуэм цIэрэ унэцIэрэ иІэн хуейщ», - жиІащ абы.

А псом къадэкIуэу, шахтёрхэм я Іыхьлыхэм социальнэ сетхэм щыжаІэ шахтэм апхуэдэ гуэзвэгъуэ зыкъэрыщыхъуфынум унафэщIхэр щыгъуазэу щытауэ, ауэ, апхуэдэу щыт пэтми, лэжьакIуэхэр щIыгъуэм ирагъэхауэ. Апхуэдэу абыхэм къыхагъэщIфамыщIкIэщIэзых компанием и лэжьакIуэхэр махуэ зыбжанэ ипэкIэ Іуэм телъуэн пщIы бжыгъэхэмкIэ страхованэ ищIыну.

Хэкlуэда шахтёрхэмрэ къеГъэлакIуэхэмрэ я унагъуэхэм республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан зырыз, фэбжь хьэлъэ зыгъуэтам сом мин 400, ику ит фэбжь къэуІуатхуам сом мин 200 иратынущ. Ар «Воркутауголь» компанием шахтёрхэм ядрищIылIауэ щыта зэгурыІуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуахэм дэщIыгъуущ. Воркута и «Северная» шахтэм щыхэкIуэда къеГъэлакIуэхэм къэрал дамыгъэхэр хуагъэфэщэнщ.

СЕМЁНОВЭ Аннэ.
«Газета.ru»

● Гъатхэпэм и 3-р Тхакlуэм и дунейпсо махуэщ

Къэрал куэдым зэдагъэлъапlэ

Гъатхэпэм и 3-м дунейм и къэрал куэдым Тхакlуэм и махуэр щагъэлъапlэ. 1986 гъэм дунейпсо PEN-клубым и 48-нэ конгрессым а махуэр тхакlуэхэм хуагъэ-лъапlэну къыщыхэдащтаюу щытащ. PEN хьэрфхэм къарыкlыр гъэщlэгъуэнщ. Poets-усакlуэхэр, Essayists-очерк зытхэхэр, Novelists - роман зытхэхэр. Тхакlуэхэм я дунейпсо зэгуэныгъэр хъыбарыщlэр хуиту, пэрыуэншэу къэрал псоми щызекlуэныим, щызэlэныха хъунымкlи хъунмкlи.

Ауэ щыхъукlи, а махуэр къыхэзыльхьахэр хьыбар нэпцlым, «шыпсэм» я бийщ. Къэбгъэльэгъуэмэ, а махуэр зейр тхакlуэхэм я закъуэкъым, атlэ псальэр зыгъэшэрыуэ, ар зи «Iэщ» дэтхэнэми ейуэ къальытэ. Абы ирихьалlэу ягъэльапlэ зэпеуэ зэмылlэужьыгъуэхэм къыщыхэжаныкlа тхакlуэхэр, абыхэм яхуэгъэпса дауздащэхэр ирагъэкlуэкl.

Дуней псом нэхъ льапlэ дыдэу къыщалъытэ Нобель саугъэтыр 1901 гъэ льандэрэ литературэмкlи ят. Ягъ дыдэу ар хуагъэфэщауэ щытащ франджы усакlуэ Сюлли-Прюдом. 2015 гъэм а саугъэтым и лауреат хъуар белорус тхакlуэ Алексиевич Светланэщ. Нобель саугъэтыр тхакlуитlым щызэдагуэш плlэнейрэ къэхъуащ. Псори зэхэту ар тхакlуи 107-м иратауэ щытащ. Саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм ящыщу нэхъ щlалэ дыдэр илъэс 42-м ит Киплинг Редьярдт. Нэхъыжь дыдэу къагъэльэгъуар Лессинг Дорисщ - илъэс 88-м итт.

Къыхэгъэщыпхъэщ саугъэтыр щатlэ ар къэзыхьахэм я цlэм фlэкlа адрейхэм ейр къызэрыраты-лыуэр. Зэпеуэм хэта тхакlуэхэмрэ абыхэм хужаIахэмрэ илъэс 50-кlэ ящыкlэу.

Ущымыгуфыкlынкlэ Iэмал иIэкъым хэхэс адыгэхэм ящыщ Пэмыкъу Орхан а саугъэт льапlэр 2006 гъэм къыхуагъэфэщауэ зэрыщытам. Адыгэ льэпкъым и щхьэр лъагэу езыгъэлъагъуэ Iэзхуегъуэщ ар. Пэмыкъум дунейпсо саугъэту къыхуагъэфэщам щlэи гъуни иIэкъым, езыр тхакlуэ нэхъыфlэ дыдэу щыIым я бжыгъэм хэтщ. Орхьан къыщалъхуари къыщыхъуари Тырку щыналъэщ, нэхъыбэу зытетхьахари а къэралыгъуэм и тхыдэращ. Ауэ щыхъукlи, абы и къуэпсхэр къыщежьэр зэи щыгъупщэркъым.

Нобэ, Тхакlуэм и дунейпсо махуэм, дэ фlыкlэ диту къэдгъэкlыжьыпхъэщ я къалэмыпэм къыпыкlа тхыгъэ тепльыджэхэмкlэ урысейпсо, хамэ къэрал утыку дизышахэу, адыгэм и щlэмрэ и пщlэмрэ лъагэу зыгъэхэу Щоджэнцlыкlу Алий, Кlыщокъуэ Алим, Кlэрашэ Тембот, Шортэн Аскэрбий сымэ, нэгъуэщlхэри.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● 2016 гъэр Мэшбащlэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм и илъэсщ

Зи къалэм жаным дыщэ къыпыщэщ

Адыгэ, къэбэрдей, шэрджэс зэш литературэхэм я тхьэмадэ махуэщ зи ныбжьыр мы гъэм илъэс 85-рэ ирикlу усакlуэ, тхакlуэ хьэлэмэт Мэшбащlэ Исхьэкъ.

Ар эдынэса льагапlэм хуэдэр нэфl-нейкlэ ягуэшыркъым. Апхуэдэ пщlэ къэзылэжьыфыр и зэманми, и гугъуехьи, хэбгъэзыхьмэ, и псэ дыдэми емыблэжу къызыхэкlа и льэпкъым хуэлажьэщ, ар пэжыгъэм, цlыхугъэм, лIыгъэм хуэзыгъасэрщ, щlэзыпlыкlырщ, абы и гупсысэр, и зэфlэкlыр, и Iуэху епlтыкlэхэр зыгъэзыхурщ, езыгъэзфlакlуэщ, и пщдейр, и къэкlуэнур къыхуэзlуэзыхырщ, ар къэзыхутэфырщ.

Адыгэ тхакlуэ щэджащэм и екъулlэныгъэхэм нэхъ телъыджэу хэпльыр Краснодар куейм и щlыпlэ пхыдзахэм кьина адыгэ къуажэхэм ящыщ зым къыщалъхуа, къыщыхъуа, екlуэкlа зауаем и бэлыхь мыухжхэр зи фэм дэкlа, и насыпп кьикlыу а гугъуехьхэм зи псэр кьыхэзыхьфа щlалэ цlыкlыр щlагъэкъуэни дэlэпыкъуэгъуи имыlэу езым и закъуэ къауркlэ апхуэдэ пъагапlэхэм зэрынэсыфарщ.

Зэ епlлыгъуэкlэ, щымыгъуэзэжм тхэныр тыншу къащыхъу щхьэкlэ, ар лэжьыгъэ хьэлъэщ. Зыхуэзфlэкlри, зы льэныкъуэкlэ, Алыхьым зэчий абрагъуэ зыбгъэдилъхьарщ, адрей льэныкъуэкlи, Тхьэшхуэр кьызэрыхуэупса зэфlэкlыр еши псэхуи имыщlэу езыгъэфакlуэрщ, зи Iэщlагъэм и щэхуэр къэзыхутэрщ, зи Iэзагъэм уеблэгъуэу имыlэу хэзыгъаХъуэрщ. Ауэ тхакlуэм и екъулlэныгъэхэр Iэзагъэ зригъэгъуэт кьудейкlи зэфlэкlыркъым - цlыху гъащlэр, псэукlэр нэсу къэгъэлъагъэнэр и кьалэн нэхъыщхьэу щыщыткlэ, абы ар нэгъэсауэ ищlэныр, махуэ кьэс иджныр, Iэхъу нэхъыщхьэу абы къыщыхъу-щекlуэкlхэр къихутэфу щытыныр Iэмал зимыlэщ. Гъащlэр, ар иджыпейуэ ирехъу, блэкlауэ щрети, фlыуэ зыщlэ тхакlуэрщ абы и пэжыр къыщlэзыгъэщыфыр, нэгъуэщlхэми яхуиутэну и гупсысэхэр кьэзыгъуэтыр. И льэпкъ гъащlэм куууэ зэрыщыгъуаз эрщ, абы и фlи и Iеи и щхьэкlэ зэриГъэнэхуаращ адыгэ тхакlуэхэм я тхьэмадэ махуэм и тхыгъэхэм гугъуехьхэр пылъу кьиГуэт пэжым бжьыпlэр щыщlыпlыр, къыщалъхуахэм гунэс ящызыщlыр, и льэпкъгъуэхэм я мызакъуэу, нэгъуэщlхэ къарал куэдым я тхылъеджэхэми яфlэгъэщlэгъуэну щыгъуазэ зыщlыхуащlыр.

Мэшбащlэ Исхьэкъ адыгэ литературэм илъэс 60-м щIигъуаеу жыджэру, еш жыхуаIэр имыщlэу хуолажьэ, а зэманышхуэм кьриуфыдзу абы и Iэдакъэ къыщlэкlащ анэдэлъхубзэрэ нэгъуэщI льэпкъыбзэ Iэджжкlэ зэдзэкlащ тхылъищэм щIигъу. Кавказ Ищхъэрэр дэнэ кьэна, зэрыщыту Урысейм ису къыщlэкlынкъым усакlуэ е тхакlуэ, апхуэдиз тхылъ къыдзэзгъэкlаи, зи тхыгъэ куэд хамэ къэралыбзэкlэ зэрадзэкlаи. Литературэм екъэлlамэ, апхуэдэ бжьагъэ имым хэти щощтэ, зэрыкуэдым щхьэкlэ, ахэр нэмытхысауэ къафlощI, ауэ гъэщlэгъуэнракъэ, Мэшбащlэм дэтхэнэ и тхылъри, ар усэми е прозэми, щlэщыгъуэщ, гъэщlэгъуэнщ, удихьэхыу, узыIэпишэу ущIоджыкI. Ар зи фIыгъэри, нэгъуэщlхэр зытепсэлъыхьа, зи гугъу ящIа мыхъуу, езым и щхьэкlэ къигъуэта, Iэщlагъэлl щхьэхуэ фlэкlа зыщIымыгъуазэ Iэхъуэхэм зэрытещlыхьарщ.

Гъащlэ гъуэгуанэ кIыхь къэзыкIуа адыгэ тхакlуэ гъуэзэджэм и зэхэщlыкlым, и Iэхъу епlлыкlэхэм блэкlа илъэсхэм зэрызэхъуэжами гу лъымытэнкlэ Iэмал иIэкъым: ягъэ лъэхъэнэм ар усыгъэм нэхъ хэпэжу, нэхъыбэрэ абы ежагълIэу щытамэ, иужькlэ абы прозэри къиГэлъыгъуэ иужь йохьэ. Ауэ пхужьыIэныкъым усыгъэр абы Iэщlыб ищlыпауи, нобэр къызэдэсым емыпщlыжауэ а жанритIри екъулlэнгъэшхуэ иIэу кьеГъэсэбэп, язынькъуэхэм абы прозэм зритыжьпауэ кьалъытэми.

Мэшбащlэм тхыгъэу итхампрэ тхылъу кьыдигъэкlамрэ куэд мэхъу, абыхэм я цlэ кьудейр кьыщIеэбжэкlын щхьэусыгъуэри щыIэкъым, ауэ уущыуэнкlэ умышынэу жыпlэ хъунущ абыхэм языхэзми адыгэ льэпкъым и гъащlэр, и тхыдэр, цlыхухэм я псэукlэр, нобэ я щытыкlэр, я гурыгъу-гурыщlэхэр, хъуэпсапlэхэр, лIыгъэу, цlыхугъэу яхэльахэр, зэрахьа хабзэхэр нэгъэсауэ куууэ, пэжу, щызу къыщигъэлъэгъуэныр зэрыхуэзфlэкlар. Иджырей ди гъащlэм теухуа и усэхэмрэ поэмэхэмрэ я гугъу умыщIми, абы е «Бзиикъуэ зауэ», «Гуащэней», «Фlы щlэи, псым хэдзэ», «Мывэ щхьэл», «Гъэрит1», «Адыгэхэр», «Хьан-Джэрий», «Ридадэ» роман цlэрыIуэхэм льэпкъ тхыдэм и зэман жьжьхэр, абы пlащlыгъуэ зэкlэлъыкlуэхэм къыщыхъуа Iэхъу нэхъ шэщlаехэр, псэзэпылъхьэпlэхэр пэжагъ нэс ящlэлъу щызэфlэгъэувэжащ, дэтхэнэ лъэхъэнэми и шыфэлIыфэр нобэрей льэпкъ тхылъеджэм и пащхьэм кьрилъхьэныр хузэфlэкlащ.

Тхакlуэ хьэлэмэтым и екъулlэныгъэ нэхъ ину кьэлъытапхъэр а тхыгъэхэм языхэзми щызэгъэпэща образ гъэщlэгъуэн зэхуэмыдзэкрщ: дэтхэнэ зыми езым и зэхэщlыкI, дуней еплъыкlэ иIэжщ, зы псэлъэкlэ Iуфыпльщ, льэпкъым и хьэл-щэн нэхъыфI дыдэхэр хэпщащ, ахэр псэм дохьэ, гум кьонэ, плъэмыкIыу фIыуэ зыуагъэльагъу.

Дэтхэнэ зы тхакlуэшхуэми и льэпкъ литературэм, гъуэзджэм хэльхьэныгъэфхэр хуещI. Мэшбащlэ Исхьэкъ и лжжьыгъэ мыкlуэщlым и фlыгъэкlэ адыгэ литературэм зиужькащ, кьыдальхуахэр дуней псом кьащригъэщlыхуащ, анэдэлъхубзэм, абы и зэфlэкlхэм пхужьмыIэну хигъэхъуащ, адыгэ усэ гъэпсыкlэр иригъэфlэкlуащ, блэкlа гъащlэ жьжьхэр кьыззригъэльагъуэ Iэмалыщlэхэр кьжхутащ.

Ди тхакlуэ тхьэмадэ махуэм и Iэдакъэ къыщlэкlа тхыгъэ дыщэ кIанэхэм ящlыужкIи, жылагъуэ кьалэн зэмылlэужьыгъуэ куэд егъэзащlэ, саугъэтрэ цlэ льапlэу абы къыхуагъэфэщахэр кьыпхуебжэкlынукъым, гущlэгъу, цlыхугъэ лъагэ зэрыбгъэдэльым, псэ кьабзэ зэриЗм я фIыгъэкlэ, ар фIыуэ зымыльагъурэ щытхъу псальэ дахэхэр хужьызмыIэрэ гъуэгуанэрыIу.

Адыгэу дунейм тетым яГъэльапlэныщ я бын пэрыт, тхакlуэ телъыджэ Мэшбащlэ Исхьэкъ и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъур. Ди гумрэ ди псэмрэ кьабгъэдэкlыу Исхьэкъ. Алыхьым дыхуолъэIу узынщагъэфI къиртыну, къигъэщlам хуэдиз илъэс бжьигъэ кьыхупищэну иKIи кьалэм жаным кьыпыщlэщ тхыгъэ дыщэ кIанэ куэдкIэ дяпэкIи дигъэгуфIэну!

ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.

● Мас-рестлинг

Спорт лIэужьыгъуэщIэм зыхегъэгъуазэ

Налшык дэт «Легион» тренажер пэшым щыIащ КъБР-м спортымкIэ и министр, 2008 гъэм екIуэкIа Олимп джэгуэхэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ чемпион щыхъуа Хъущт Асльэнбэч.

МИНИСТРЫМ къалэн зыщIщIыжат мас-рестлинг спорт лIэужьыгъуэщIэм нэхъ куууэ зыхиГъэгъуэзэну, ГъатхэпэМ и 11 - 13-хэм Налшык щекIуэкIыну «Кавказым и Кубок-2016» урысейпсо турнирым зэрызыхуагъэхьэзыр щыкIэр къипщытэну. Абы зэрыжиIащи, мас-рестлингымкIэ турнирыр ди щIыпIэм зэрыщыIэнум мыхьэнэшхуэ иIэщ а спорт лIэужьыгъуэм республикэм зыщегъэжьыныкIэ. Зи гугъу тщIы зэпеуэм текIуэныгъэр къыщызыхьхэм фIащынущ «спортымкIэ мастерым и кандидат» цlэр, нэхъыфIу кьалъыта спортсменитхум Iэмал яIэнуц къэралым и чемпионатым хэтыну.

Апхуэдэуи дуней псом щыцIэрыIуэ бэнакIуэм и зэфlэкlыр мы спорт лIэужьыгъуэщIэми кьыщищытащ. ИKIи абы къыхигъэщащ, зыгъэсэныгъэ ирагъэкIуэкIар тыншу щымытами, гъащlэгъуэну къызэрыщlэкlар. ЗэIущIэм и кIэухыу Хъущт Асльэнбэч спортсменхэм къэхъуэрыуащ уеблэгъэсэныгъэ екъулlэныгъэ инхэр къыщагъалъэгъуэну.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

● Зэпеуэхэр

Нэхъыфlхэр ягъэпажэ

Тхакlуэ, усакlуэ, драматург Щоджэнцlыкlу Iэдэм къыщэралъхуэр илъэси 100 зэрырикъуэм и щIыхькlэ Ныбжьыщlэхэм я библиотекэм, Мечиев Кязим и цlэр зезыхьэм, щекlуэкlащ «Абы и гум макъамэ къыщоуэ» республикэпсо зэпеуэ.

УСэ КЪЕДЖЭНЫМКIЭ зэпеуэр къыззригъэпэщащ икIи иригъэкlуэкlащ Ныбжьыщlэхэм я библиотекэм и унафэщlым и къуэдзэ Садыковэ Ларисэ.

Ди литературэм хуищlа хэльхьэныгъэфIым папщlэ Щоджэнцlыкlум 1969 гъэм къыфlащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ усакlуэ» цlэ льапlэр, 1976 гъэм къыхуагъэфэщащ Гуащlэдэкlым и Бэракъ Пlэныжь орденыр.

Зэlущlэм къеблагъат Щоджэнцlыкlу Iэдэм ипхъуэу Нинэрэ Ларисэрэ. Зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм, абы хэта егъэджакlуэхэмрэ я гъэсэнхэмрэ зэшыпхъухэм фlыщlэ хуащlащ. Нинэ щхьэхуэу тепсэлъыхьащ и адэм и гъащlэмрэ и гуащlэмрэ я тетухуауэ, и тхыгъэ къыхэхаэр щызэхъэсауэ къыдигъэкlа тхылъхэм. Апхуэдэу и гуапэу къыхигъащlащ щlэупщlэшхуэ зиlэу щыта «Уи цlэр фlэсщынщ» повестыр гъэмахуэм урысыбзэкlэ къыдигъэкlыжьину зэримурадыр.

Зэхъэзэхуэм я зэфlэкI щагъэльэгъуащ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я еджакlуэ 50-м нэблагъэм. Гур хэзыгъэхъуат адыгэ фащэ екIуэр ящыгъуэу Щоджэнцlыкlу Iэдэм и усэхэм гъэхуауэ къеджэ ныбжьыщlэхэм якlэльпlлъыну.

Зэпеуэм и къэпщытакlуэ гупым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым и лэжьакlуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-ми КъШР-ми щIэныгъэхэмкlэ щIыхь зиIэ я лэжьакlуэ Бакlуу Хъанджэрий, УФ-м и Сурэтыщlхэм я зэгуэныгъэм и правленэм хэт, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм щIыхьэ творчествэмкlэ и методикэ центрым и унафэщI Жылэ Анатолэ, Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр Тэмазэ Лиуан, Тхылъыр фIыуэ зыльагъуэхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгуэхьныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Наталье, нэгъуэщlхэри.

Еджакlуэхэр я ныбжь елъытауэ гуп щхьэхуэурэ ягъэшри зэпрагъэуащ. Ягъэ гупым хагъэхьащ 1 - 3-нэ классхэм щеджэхэр. Абыхэм ящыщу ягъэ ушыпlэ зи къихьащ Налшык щызэхэт «Шэху уэздыгъэхэр» литературэ студием екIуалIэ Псэун Ясминэ. ЕтIуанэ хъуащ Тырныауз къалэм (Iуащхьэмахуэ щыIыпlэ) и курыт еджапlэ №2-м и 2-нэ классым щIэсУэрыш Камилэ. Ещанэр лъагъэсащ Благоевещенскэ къуажэм (Прохладнэ щIынапlэ) и курыт еджапlэм и 2-нэ классым щеджэ Бессолов Харитон.

ЕтIуанэ гупым хагъэхьащ 4 - 8-нэ классхэм щIэсхэр. Ягъэ ушыпlэр хуагъэфэщащ Тхылъыр фIыуэ зыльагъуэхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгуэхьныгъэм и «Контактная мастерская» гупжьейм екIуалIэ Тэхъу Алинэ. ЕтIуанэр зэдагуэшащ Благовещенскэ щыщ, 8-нэ классым щеджэ Бэшорэ Амирэ Налшык къалэм и курыт еджапlэ №23-м и 4-нэ классым кIуэ Хамэ Данэрэ. Ещанэ ушыпlэр ялыысащ Тамбовскэ къуажэ (Тэрч район) щыщлым и 8-нэ классым щеджэ Джатэгъэжь Каринэ, Налшык къалэм и курыт еджапlэ №8-м и 4-нэ классым щIэс ДжашуевИслъам, Тырныауз къалэм и гимназие №5-м и 8-нэ классым щеджэ Едэкъуэ Алинэ сымэ.

Ещанэ гупым хэтхэр 9 - 11-нэ классхэм щеджэхэрт. Абы ящэ ушыпlэр къыщихьащ Налшык къалэм и курыт еджапlэ №16-м щIэс Абшаевэ Салимэ. ЕтIуанэ ушыпlэр хуагъэфэщащ Хьэбзэ къуажэм (Дзэлыкъуэ район) и курыт школым и еджакlуэ Айтэч Эльвирэ.

Текlуажэр ягъэпэжащ, щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ хуагъэфэщащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● 2016 гъэм Мэшбащlэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм и илъэсщ

Зи къалэм жаным дыщэ къыпыщэщ

Адыгэ, къэбэрдей, шэрджэс зэш литературэхэм я тхьэмадэ махуэщ зи ныбжьыр мы гъэм илъэс 85-рэ ирикlу усакlуэ, тхакlуэ хьэлэмэт Мэшбащlэ Исхьэкъ.

Ар эдынэса льагапlэм хуэдэр нэфl-нейкlэ ягуэшыркъым. Апхуэдэ пщlэ къэзылэжьыфыр и зэманми, и гугъуехьи, хэбгъэзыхьмэ, и псэ дыдэми емыблэжу къызыхэкlа и льэпкъым хуэлажьэщ, ар пэжыгъэм, цlыхугъэм, лIыгъэм хуэзыгъасэрщ, щlэзыпlыкlырщ, абы и гупсысэр, и зэфlэкlыр, и Iуэху епlтыкlэхэр зыгъэзыхурщ, езыгъэзфlакlуэщ, и пщдейр, и къэкlуэнур къыхуэзlуэзыхырщ, ар къэзыхутэфырщ.

Адыгэ тхакlуэ щэджащэм и екъулlэныгъэхэм нэхъ телъыджэу хэпльыр Краснодар куейм и щlыпlэ пхыдзахэм кьина адыгэ къуажэхэм ящыщ зым къыщалъхуа, къыщыхъуа, екlуэкlа зауаем и бэлыхь мыухжхэр зи фэм дэкlа, и насыпп кьикlыу а гугъуехьхэм зи псэр кьыхэзыхьфа щlалэ цlыкlыр щlагъэкъуэни дэlэпыкъуэгъуи имыlэу езым и закъуэ къауркlэ апхуэдэ пъагапlэхэм зэрынэсыфарщ.

Зэ епlлыгъуэкlэ, щымыгъуэзэжм тхэныр тыншу къащыхъу щхьэкlэ, ар лэжьыгъэ хьэлъэщ. Зыхуэзфlэкlри, зы льэныкъуэкlэ, Алыхьым зэчий абрагъуэ зыбгъэдилъхьарщ, адрей льэныкъуэкlи, Тхьэшхуэр кьызэрыхуэупса зэфlэкlыр еши псэхуи имыщlэу езыгъэфакlуэрщ, зи Iэщlагъэм и щэхуэр къэзыхутэрщ, зи Iэзагъэм уеблэгъуэу имыlэу хэзыгъаХъуэрщ. Ауэ тхакlуэм и екъулlэныгъэхэр Iэзагъэ зригъэгъуэт кьудейкlи зэфlэкlыркъым - цlыху гъащlэр, псэукlэр нэсу къэгъэлъагъэнэр и кьалэн нэхъыщхьэу щыщыткlэ, абы ар нэгъэсауэ ищlэныр, махуэ кьэс иджныр, Iэхъу нэхъыщхьэу абы къыщыхъу-щекlуэкlхэр къихутэфу щытыныр Iэмал зимыlэщ. Гъащlэр, ар иджыпейуэ ирехъу, блэкlауэ щрети, фlыуэ зыщlэ тхакlуэрщ абы и пэжыр къыщlэзыгъэщыфыр, нэгъуэщlхэми яхуиутэну и гупсысэхэр кьэзыгъуэтыр. И льэпкъ гъащlэм куууэ зэрыщыгъуаз эрщ, абы и фlи и Iеи и щхьэкlэ зэриГъэнэхуаращ адыгэ тхакlуэхэм я тхьэмадэ махуэм и тхыгъэхэм гугъуехьхэр пылъу кьиГуэт пэжым бжьыпlэр щыщlыпlыр, къыщалъхуахэм гунэс ящызыщlыр, нэгъуэщlхэ къэзыгъэпэщыныкlэ законодательствэр зэрагъэщlэгъуэн республикэм и прокуратурэм и Iэнатlэхэм къапщытащ.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкlуэкlым лифтхэм я электрофIэмэпсымэхэр къызэрагъэсэбэп щыкlэм ныкъуэсаныгъэ куэд къыщагъэутащ. Лифтыр зыхуэдэр къыщалъытэ инженер центрым зэгуфыIэныгъэ ирамыщlылIауэ, апхуэдэу лифт Iэмэпсымэхэр зейхэм я граждан жьауплыныгъэр фIэкlыпlэнщ страховани зэращlамкlэ зэгуфыIэныгъэ ямыIэу лифтхэр къагъэсэбэпу кьыщlагъэщащ.

Къищlынэмыщlауэ, зи пlалъэр икIа, цlыхухэм я гъащlэмрэ узынщагъэрэ дежкlэ шынагъуэ зыпылъ лифт 25-рэ ягъэлажьэрт.

Кьахута ныкъуэсаныгъэхэр ирагъэгъэзэкlуэжын, хабзэр кьызэпызыудахэр дисциплинэ жэуапым ирашэлIэн папщlэ, прокурорхэм тхылъипщlэ ятхащ, административнэ къуаншагъэм теухуауэ Iэхъу 25-рэ кьызэIуахащ.

Къэпщытэныгъэм пащэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iэхъущlапlэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къэпщытэныгъэм пащэ

КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупlэ кlэлъыплъыныгъэмкlэ и хьэрэ комитетымрэ Урысейм Техникэ кlэлъыплъыныгъэмкlэ и Iэхъущlапlэм и Кавказ къудамэмрэ ящыгъуу, лифт Iэмэпсымэхэм я шынагъуэнщагъэр къызэрэпэщыныкlэ законодательствэр зэрагъэщlэгъуэн республикэм и прокуратурэм и Iэнатlэхэм къапщытащ.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкlуэкlым лифтхэм я электрофIэмэпсымэхэр къызэрагъэсэбэп щыкlэм ныкъуэсаныгъэ куэд къыщагъэутащ. Лифтыр зыхуэдэр къыщалъытэ инженер центрым зэгуфыIэныгъэ ирамыщlылIауэ, апхуэдэу лифт Iэмэпсымэхэр зейхэм я граждан жьауплыныгъэр фIэкlыпlэнщ страховани зэращlамкlэ зэгуфыIэныгъэ ямыIэу лифтхэр къагъэсэбэпу кьыщlагъэщащ.

Къищlынэмыщlауэ, зи пlалъэр икIа, цlыхухэм я гъащlэмрэ узынщагъэрэ дежкlэ шынагъуэ зыпылъ лифт 25-рэ ягъэлажьэрт.

Кьахута ныкъуэсаныгъэхэр ирагъэгъэзэкlуэжын, хабзэр кьызэпызыудахэр дисциплинэ жэуапым ирашэлIэн папщlэ, прокурорхэм тхылъипщlэ ятхащ, административнэ къуаншагъэм теухуауэ Iэхъу 25-рэ кьызэIуахащ.

Къэпщытэныгъэм пащэ.

● «Нур»

Езанэ къыдэкIыгъуэр

«Нур» журналым мы гъэм и ягъэ кьыдэкIыгъуэр дунейм кьытехьащ.

АР КЪЭЗЫЕХ иджыблагъэ щыкlуэхэм папщlэ Налшык щаухуа, лэжьэн щыщlэзыдза «Адыгэ псалъэ» академием теухуа тхыгъэмкlэ.

Усакlуэ Джэрыджэ Арсен сабийжэм папщlэ итха усэхэр зэрыт «Ажэжьым и жьакlэ» тхылъыр сурэтхэмкlэ дахэу гъэщlэрэщlауэ иджыблагъэ Мэзкуу къыщыдэкlащ. Аращ зытепсэлъыхьыр «Тхылъыщlэ» тхыгъэр.

Адэкlэ фыкъыщедэжнщ джэду кlуэрэ гъущI хъарым щыпсэу Пэджыдэ бзуужь щыкlымрэ я зэхущытыкlэм теухуауэ Кьармэ Iэсият итха «Циц» зыбгъарым.

Кьыкlэлъыкlуэ напэкlуэщlэм итщ Уэрэзей Афлик, Кьэзан ФатIимэт, Афэщlагъуэ Зое сымэ щыкlыкlэхэм щхьэкlэ ятха усэхэр.

«Дэ кьыгъуатх» Iыхьэм традзащ Тыркум щыпсэу адыгэ щIэблэщlэм щахуэзам илъэгъуаХэм, хамэ къэрал щыпсэу адыгэ ныбжьыщlэхэм я дуней тетыкlэм тепсэлъыхьу Гугъуэт Заремэ итха «ЩIэблэ дахэ» тхыгъэмрэ а ныбжьыщlэхэм я сурэтхэмрэ.

«Iумыл дыхьэшхрилъ» тхыгъэр и Iэдакъэщlэкlащ Хьэту Пётр.

Адыгэ Iуэрыlуатэм кьыхихри, Аброкъуэ Беллэ «Нурым» хуитхъжащ «Жыг телъыджэ» хьыбарыр. Ар «Iуэрыlуатэ» Iыхьэм хьихьэу тридзащ журналым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболист ныбжьыщlэхэм 2015 гъэм ирагъэкlуэкlа чемпионатымрэ абы бжьыпlэр щызыIубыда, Нарткъалэ щыщ «Нарт» командэмрэ ятриухуащ Жыласэ Зауэбэч «Нартым и щlэблэ» зыфIища тхыгъэр.

«Щlымахуэ пхъэщхьэмыщхьэхэр» тхыгъэм Мэлей ФатIимэ щыдегъэщIыху щlымахуэми мэзым узыщыхуэзэ пхъэщхьэмыщхьэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщlэ, зэрыджэр, мыщэхупщыр (рябинэ), кьущхьэмышхьэ (мушмула).

Кьыкlэлъыкlуэ напэкlуэщlым итщ цlыкlухэм езыхэм ялажьин папщlэ традза сурэтыр.

Адэкlэ тет псалъэзэблэдзыр, нарт Ашэмэз теухуар, зэхэзыльхьар Хьэту Пётрщ.

Мы кьыдэкIыгъуэм «Нурым и гъуджэм» кьощ Налшык дэт 2-нэ лицейм и 1-нэ классым щеджэ ШыгъэпIыгъуэ Ирэ. А цlыкlым къэфэну, уэрэд жиIэну фIэфIщ.

АБЗУАН Пщымахуэ.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Къабардей-Балъкъэр» къэзыт телекомпанием, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Эльбрус» тхылъ тедаПIэм, «Тетраграф» ООО-м, «КъБР-м и цIыхубэ хъыбарегъащlэ Iэхъуущlапlэхэм я лжьыгъэр къыззыгъэпэщ комплекс центр» къэрал кIэзонэ Iэхъущlапlэм я лжьакlуэхэр «Минги-Тау» журналым жэуап зыхь и секретарь **Ольмезов Мурадин Муссэ и къуэм** хуогузавэ абы и къуэ **Елдар** дунейм зэрехьжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхакlуэхэм я зэгухьныгъэмрэ усакlуэ, драматург **Ольмезов Мурадин Муссэ и къуэм** хуогузавэ абы и къуэ **Елдар** дунейм зэрехьжам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфlыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маринэ, Нэщlэныдж Замирэ, Хьажыкъарэ Алик, Щlхьэщэмыщl Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэжмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iэхъухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iэхъущlапlэхэм ядэлжьэнымкlэ - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкlэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэтхэым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщlэта Iэхъугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епlлыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхъущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Эльэ, редактору Нэщlэныджэ Замирэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплнэр ящlащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэшбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм ел